


*Леон Вертӕн*

*Сабитӕй хатыр курын, мӕ чиныгӕй ас адӕймаджы ном кӕй ссардтон, уый тыххӕй. Уӕвгӕ, уымӕн ӕфсон ис: уыцы ас адӕймаг у мӕ тӕккӕ хуыздӕр ӕрдхорд. Стӕй ма ноджыдӕр иу ахӕм хабар: кӕй кой кӕнын, уый алцыдӕр ӕмбары, суанг ма сывӕллӕттӕн фыст чингуытӕ дӕр. О, хӕдӕгай, куыд мӕ фӕцӕйрох кодта: мӕ хӕлар цӕры Францы. Уым та ныртӕккӕ, адӕм цы бахӕрой, уый нӕй, ноджы дзы у уазал. Уымӕ гӕсгӕ сын истӕмӕй зӕрдӕтӕ ӕвӕрын хъӕуы. Кӕд уыцы хъуыддӕгтӕй мӕхи уӕ разы не сраст кӕнон, уӕд мӕ чиныгӕй ӕз ссардзынӕн, ме 'рдхорд кӕддӕр цы кары уыди, уыцы лӕппуйы ном, уымӕн ӕмӕ ас адӕмӕй алчидӕр раздӕр сывӕллон уыди, кӕд уый бирӕтӕй ферох вӕййы, уӕддӕр. Уымӕ гӕсгӕ мӕ номарӕн иуцасдӕр фендӕрхуызон кодтон:*

*кӕддӕр саби чи уыди, уыцы Леон Вертӕн*

## I

Æхсæз азы мыл куы цыди, уæд мæм æрбахауди иу чиныг, «Æцæг хабæрттæ», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ. Ныхас дзы цыди, æгæндæг тар хъæдты тыххæй. Мæ цæст дзы æрхæцыд æнахуыр диссаджы нывыл. Нывы уыдис æвирхъау стыр калм. Уый фæцæйныхъуырдта тугдзых сырды. Мæнæ уыцы ныв.



Чиныджы фыстæуыд: «Калм йæ амæттаджы аныхъуыры æнæхъæнæй. Уый фæстæ фезмæлынхъом нал вæййы æмæ, цалынмæ йæ хойраг батайы, уæдмæ афæдзы æмбис хуысгæ фæкæны».

Джунглиты куыд цæрынц, ууыл бирæ фæхъуыды кæныны фæстæ хуызджын кърандасæй сарæзтон мæ фыццаг ныв. Æркæсут-ма йæм:



Мæ ныв хистæртæм равдыстон æмæ сæ бафарстон, тæрсынц дзы æви нæ, уымæй.

— Æмæ худæй цæмæн хъуамæ тæрсæм? — дисы бацыдысты уыдон.

Афтæмæй уымæн та худимæ иумæйагæй ницы уыд. Уый уыд, пылы чи аныхъуырдта, ахæм калм. Уæд æз бавдæлдтæн, æмæ калмы æдде сныв кодтон. Æнхъæлдтон, хистæртæ мæ афтæмæй хуыздæр бамбардзысты. Алцыдæр сын æмбарын кæнын кæй хъæуы, уый æз рагæй зыдтон. Мæнæ уын уый та мæ дыккаг ныв:



Хистæртæ мын загътой, цæмæй калмы мидæгæй дæр æмæ æдде дæр ма ныв кодтаин, фæлæ фылдæр æргом здæхтаин географимæ, историмæ, арифметикæмæ, стæй растфыссынадмæ. Афтæмæй мæ æхсæзаздзыдæй хæрзбон зæгъын бахъуыд нывгæнæг суæвыны æвæджиауы бæллиццæн. Мæ фыццаг æмæ дыккаг нывтæй куы ницы рауад, уæд мæ ныфс асаст, æмæ мæхиуыл мæ зæрдæ нал дардтон. Хистæртæ сæхæдæг никуы ницы фембарынц, сывæллæттæ та сæ зондамонæн ныхæстæй сфæлмæцынц.

Æндæр гæнæн мын нал уыд æмæ тæхæджы дæсныйадыл сахуыр кодтон. Зæххы къорийыл кæдæм нæ атахтæн, ахæм бынат, æвæццæгæн, нал баззад. Географи кæй ахуыр кодтон, уый дæр мын дзæгъæлы нæ фæци. Дардæй дæр-иу базыдтон, Китайæ Аризонæйæ чи кæцы у, уый. Уый та, æхсæвыгон куы фæдзæгъæл уай, уæд тынг ахсджиаг у.

Мæ царды мидæг бирæ уæззау зондыл хæст адæймæгтимæ сæмбæлдтæн. Дæргъвæтин рæстæг цардтæн семæ. Уыдтон сæ, фæлæ мæм, æргом зæгъгæйæ, хуыздæр кæсын нæ райдыдтой. Иннæтæй-иу мæм зонджындæр æмæ æмбаргæдæр чи фæкаст, уыцы хистæрмæ-иу мæ фыццаг ныв — æдзухдæр æй мемæ хастон — æнæравдисгæ нæ фæдæн. Базонынмæ-иу хъавыдтæн, ацы лæг æцæг исты æмбары æви нæ, уый. Фæлæ мын, хъыгагæн, иууылдæр лæвæрдтой æмхуызон дзуапп: «Ай, уæрæх счъилтæ кæмæн вæййы, ахæм худ цы уа, уый у». Уый фæстæ-иу семæ кæлмытæ, тар хъæдтæ æмæ стъалыты кой нал кодтон, фæлæ-иу рахызтæн, сæ зæрдæмæ хæстæгдæр чи уыд, ахæм хабæрттæм. Уыдон та уыдысты бридж æмæ гольф, политикæ æмæ галстуктæ. Хистæртæ-иу мæ хуымæтæджы разыйæ баззадысты, ахæм æмбаргæ адæймагимæ кæй базонгæ сты, уый тыххæй.

## II

Мæ зæрдæбын ныхæстæ кæмæн ракодтаин, уый мын нæ уыд, æмæ иунæгæй цардтæн. Æхсæз азы размæ мæ Сахарæйы æрбадын бахъуыд. Мæ хæдтæхæджы моторы цыдæр асаст. Мемæ йе механик нæ уыд, йе бæлццон, æмæ мын кæд цыфæнды зын уыд, уæддæр цалцæг кæнынмæ мæхæдæг бавнæлдтон. Мæ мотор куы нæ сарæзтаин, уæд мын æнæмæлгæ хос нæ уыд, уымæн æмæ мæ дон къуырийы фагæй фылдæр не суыдаид.

Фыццаг æхсæв мæ æдзæрæг бæстæйы змисыл фынæй кæнын бахъуыд. Мæ алыварс иу цъиуызмæлæг дæр нæ уыд. Знæт уылæнтæ йæ нау кæмæн ныппырх кодтой æмæ фæйнæджы гæбазыл чи баззад, уый дæр, мæнмæ гæсгæ, йæхимæ афтæ иунæг нæ фæкастаид.

Сæумæрайсом мæ кæйдæр мæллæг хъæлæс куы райхъал кодта, уæд куыд дис кодтаин, уый ма уæ алчидæр йæ цæстыл ауайын кæнæд.

Æрхатыди мæм:

— Уæрыччы ныв-ма мын скæн!
— Цы загътай?..
— Уæрыччы ныв-ма мын, зæгъын, скæн...

Цыма мæ сæрмæ арв ныннæрыд, уый хуызæн фæгæпп ластон. Мæ цæстытæ ауаærстон. Мæ алыварс акæстытæ кодтон æмæ ауыдтон æнахуыр сабийы. Уыцы æдзынæг каст мæм кодта. Фæстæдæр ын йæ ныв скодтон, æмæ-ма йæм æркæсут. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ нывы, куыд æмбæлд, афтæ хорз нæ рауад, фæлæ уый мæн аххос нæ уыд. Æхсæзаздзыдæй мын хистæртæ мæ ныфс асастой æмæ калмы мидæгæй æмæ æдде ныв кæнын йеддæмæ ницы базыдтон.

Уæдæ афтæ: æз цыппар цæстæй кастæн ацы диссаджы нывмæ. Рох уæ ма уæд, мæ алыварс иу цъиуызмæлæг дæр кæм нæ уыд, ахæм ран кæй уыдтæн. Афтæмæй та ацы саби, чи фæдзæгъæл, ахæмы каст нæ кодта. Уæдæ йыл фæллад бæрæг дæр нæ уыд, нæ йын уыд тарст хуыз дæр. Дойныйæ нæ мард, æххормагæй дæр. Иуцасдæр мæ уд ме 'муд куы 'рцыд æмæ дзурын мæ бон куы сси, уæд æй бафарстон:

— Æмæ... æмæ ам цы кусыс?

Уый мын ногæй мынæг хъæлæсæй загъта:

— Уæрыччы ныв-ма мын скæн...

Афтæ лæгъстæхуызæй дзырдта æмæ йын «нагъ!» зæгъын мæ бон нæ баци. Кæд мæ уд мæ къухы хастон æмæ æнæзонгæ æдзæрæг бæстæйы æвирхъау уавæры бахаудтæн, уæддæр мæ дзыппæй гæххæтт æмæ фыссæн сис систон. Æваст мæ зæрдыл æрбалæууыд, æз фылдæр географи, истори, арифметикæ æмæ растфыссынадыл кæй ахуыр кодтон, уый æмæ сабийæн загътон (цас æмбæлд, уымæй тызмæгдæрæй) ныв кæнын кæй нæ зонын.

Уый мын дзуапп радта:

— Куыд зоныс, афтæ. Курын дæ, æмæ мын уæрыччы ныв скæн.

Фысы ныв кæй никуы скодтон, уымæ гæсгæ йын мæ рагон нывтæй иу равдыстон: уый уыди калм æдде нывгондæй. Мæ дисæн кæрон нал уыд, афтæ куы фæхъæр кодта, уæд:

— Нæ-а, нæ-а! Пыл мæ калмы хуылфы нывгондæй нæ хъæуы. Калмæй тынг тæрсын, пыл та æгæр стыр у. Нæхимæ алцыдæр чысыл у. Уæрыкк бирæ уарзын æмæ ма мын уый бæсты йæ ныв скæн.

Æмæ йын æз дæр уæрыччы ныв скодтон.



Уый нывмæ æдзынæг фæкаст, стæй загъта:
— Ацы уæрыкк æгæр мæллæг у. Æндæр мын сныв кæн.
Æмæ йын æндæр сныв кодтон.



Мæ ног æрдхорд, йæ мидбылты бахудгæйæ, загъта:
— Уый уæрыкк нæу, фæлæ дынджыр фыс, нæ йæ уыныс?! Йæ сыкъатæм-ма йын кæс...
Æз та йын æндæр ныв скодтон.
Нæ та фæцыд йæ зæрдæмæ:
— Уый æгæр зæронд у. Мæн, бирæ чи фæцæра, ахæм уæрыкк хъæуы.



Мæсты кæнын æм райдыдтон — мæ моторы хабæрттæ мæ кæнын хъуыд æмæ йын, тагъд-тагъд æндæр ныв йæ разы авæргæйæ, загътон:

— Мæнæ дын асыкк. Йæ хуылфы та дын уæрыкк.



Мæ карз тæрхонгæнæджы цæсгом куы ныррухс, уæд мæ дисæн кæрон нал уыд.
— Мæн дæр ахæм хъуыди! Дæумæ гæсгæ, кæрдæг бирæ хæрдзæн?
— Уымæй мæ цæмæн фæрсыс?
— Мæнмæ нæхимæ алцыдæр кадавар у...
— Уый фаг дæм разындзæн. Æз дын гыццыл уæрыкк лæвар кæнын.
— Афтæ бынтон гыццыл дæр нæу, — загъта саби æмæ нывмæ æргуыбыр кодта. — Кæс-ма, æрфынæй ис.
Афтæ базонгæ дæн Чысыл æлдаримæ.

## III

Кæцæй фæзынд, уый фæстæдæр базыдтон. Чысыл æлдар мæ фæрстыты бын фæкодта, фæлæ-иу æй мæхæдæг истæмæй куы фарстон, уæд-иу йæхи нæхъусæг скодта. Фæлæ чысылгай-чысылгай алцыдæр базыдтон. Æппæты фыццаг мын мæ хæдтæхæг куы федта (хæдтæхæджы нывнæ скæндзынæн, уымæн æмæ мын нæ рауайдзæн), уæд мæ бафарста:
— Ай та цы дзаума у?
— Уый дзаума нæу, фæлæ хæдтæхæг у. Мæ хæдтæхæг. Уæлдæфы чи ленк кæны, ахæм хæдтæхæг.
Мæхицæй ныссæрыстыр уæвгæйæ йын амыдтон, тæхын кæй зонын, уый. Лæппу дын æваст куы ныхъхъæр кæнид:
— Æцæг зæгъыс?! Уæдæ ды арвæй æрхаудтæ?
— О, — уæзданхуызæй дзуапп радтон æз.
— Диссагæй цы кæныс!
Чысыл æлдар мыл йæхи худæгæй схаста. Уый йын мæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ фæкаст, цыма мын мæ ныхæстæн æмбæлгæ аргъ не скодта. Æрæджиау ма йæ ныхасмæ бафтыдта:
— Уæдæ ды дæр уæларвæй æрхаудтæ. Цавæр планетæйæ?
Æз гыццылгай æмбарын райдыдтон, ардæм кæцæй æрцыдис, уый æмæ йæ комкоммæ бафарстон:
— Уæдæ ды ардæм æндæр планетæйæ æрхаудтæ?
Ницы дзуапп мын радта. Хæдтæхæгмæ каст, афтæмæй йæ сæр дыууæрдæм батылдта.
— Ауыл дардæй кæй не 'ртахтаис, уый бæрæг у...
Цæуылдæр арф ныхъхъуыды кодта. Стæй йæ дзыппæй мæ уæрыкк систа æмæ йæм кæсынæй нал æфсæст. Иннæ планетæйы коймæ мæ цымыдисдзинадæн кæрон нал уыд. Ныхас дæр ыл нæй, хабæрттæ мæ бæлвырддæр базонын кæй бафæндыд, æмæ йæ бафарстон:
— Кæцæй æртахтæ, уый-ма мын зæгъ, уæйыг-лæг? Дæ хæдзар кæм и? Дæ уæрыччы кæдæм ахæссынмæ хъавыс?
Лæппу иуцасдæр ахъуыды кæныны фæстæ загъта:
— Ацы асыкк мын кæй радтай, уый тынг хорз у. Æхсæвыгæтты-иу дзы уæрыкк хуысдзæн.
— Тынг раст зæгъыс. Æмæ кæд хорз лæппу разынай, уæд ма дын æз бæттæн дæр ратдзынæн æмæ-иу æй уымæй михмæ бабæтдзынæ.
Чысыл æлдары цæсгом фæтар.
— Бабæтдзынæ, зæгъыс? Бæтгæ та цæмæн?
— Бæтгæ йæ куы нæ кæнай, уæд искуыдæм ацæудзæн æмæ йæ нал ссардзынæ.
Мæ хæлар та йæ хъæлæсыдзаг ныххудт:
— Кæдæм хъуамæ ацæуа?
— Куыд кæдæм? Размæ цæудзæн æмæ цæудзæн. Йæ цæстытæ кæдæм кæсой, уырдæм.
Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Чысыл æлдар æцæгхуызæй загъта:
— Уый ницы хъыгдары. Уым мæм гыццыл бынат ис. — Æмæ ма æнкъардхуызæй йæ ныхасмæ бафтыдта: — Æдзухдæр æмраст куы цæуай, уæд дард нæ ацæудзынæ...

## IV

Ноджыдæр ма мын иу сусæгдзинад раргом: куыд бамбæрстон, афтæмæй йæ планетæ хæдзары йас йеддæмæ нæ уыди.
Уæвгæ мæм уый афтæ диссаг нæ фæкаст, уымæн æмæ Зæхх, Юпитер, Марс æмæ Бонвæрноны хуызæн стыр планетæтæй уæлдай ма ис фондзыссæдзгай хæттыты чысылдæртæ, телескопы æххуысæй дæр тыххæйты чи зыны, суанг ма нæмттæ кæмæн нæй, ахæмтæ дæр. Ахæм чысыл планетæ астроном куы байгом кæны, уæд ын номы бæсты дæтты номыр: зæгъæм, 3251-æм астероид. Мæ нымадмæ гæсгæ, Чысыл æлдар хъуамæ æртахтаид, йæ ном астероид Б-612 кæмæн хуыйны, уыцы чысыл планетæйæ. Уыцы астероиды телескопæй туркаг астроном федта æрмæстдæр иунæг хатт — 1909 азы.



Астроном уыцы диссаджы хабар фехъусын кодта Дунеон астрономон конгрессы, фæлæ йыл ничи бауууæндыд, туркаг дарæс ыл кæй уыд, æрмæстдæр уый тыххæй. Ацы ас адæм иуулдæр ахæмтæ сты! Хуыцау хорз, æмæ туркаг султан астероид Б-612-ы кад бахъахъхъæныны сæрвæлтау йæ дæлбар адæмæн европæйаг дарæс скæнын кодта, æмæ та 1920 азы астроном чысыл планетæ байгом кæныны хабар ахуыргæндтæн ногæй радзырдта. Ацы хатт ыл уыд æмбæлгæ уæлæдарæс, æмæ йын ничиуал ницы загъта.



Астероид Б-612-ы тыххæй афтæ бæлвырд æрмæстдæр ас адæмы тыххæй радзырдтон. Суанг ма йын йæ номыр дæр загътон, уымæн æмæ хистæртæн нымæцтæ йеддæмæ мацы ратт. Ног хæлар мын фæзынд, зæгъгæ, дзы кæмæн зæгъай, уый дæ, цавæр хъæлæс ын и, цавæр хъæзтытæ уарзы, гæлæбутæ ахсын йæ зæрдæмæ цæуы æви нæ, уыдæттæй дæ нæ бафæрсдзæн, фæлæ дæм æндæр фæрстытæ дæттынил фæуыдзæн: «Цал азы йыл цæуы? Цал æфсымæры йын ис? Йæ уæз цас у? Йæ фыд цас мызд исы?» Уый фæстæ сæм афтæ фæкæсы, цыма адæймаджы базонынæн æндæр ницы хъæуы. Хистæртæй искæмæн афтæ куы зæгъай, æз федтон сырх дурæй амад рæсугъд хæдзар, йæ рудзгуыты тæрхæджытыл уыди герань-дидинджытæ, йæ сæрыл та бадтысты урсриу бæлæттæ, зæгъгæ, уæд ахæм хæдзар сæ цæстытыл ауайын кæнын сæ бон ницы хуызы бауыдзæн. Фæлæ сын афтæ куы зæгъай: «Æз федтон сæдæ мин франчы йаргъ хæдзар!» — уæд сæ дисæн кæрон нал уыдзæн æмæ фæхъæр ласдзысты: «Диссагæй цы кæныс! Хæрзаг рæсугъд у!»



Искæмæн Чысыл æлдары хабæрттæ дзургæйæ куы зæгъон: «Æз æцæгæйдæр базонгæ дæн ахæм диссаджы Чысыл æлдаримæ. Уый уыдис æнахуыр дзæбæх лæппу, уарзта йæ мидбылты худын, бæллыди, цæмæй йæм уæрыкк уыдаид, уымæ. Уæрыкк æм уыдаид, уый кæй фæндыд, ахæм адæймаг, зæххыл æцæгæйдæр кæй уыд, ууыл ничи фæдызæрдыг уыдзæн». Куы зæгъын, ахæм хабар ас адæмæй кæмæн фехъусын кæнон, уыдон сæ уæхсчытæ, ницы дын æмбарæм, зæгъгæ, базмæлын кæндзысты æмæ сæм фæкæсдзынæ æнæмбаргæ сывæллоны хуызæн. Фæлæ сын афтæ куы зæгъай: «Уыцы лæппу æртахти

астероид Б-612-æй», уæд дыл баууæнддзысты æмæ дæ уæлдай фарст ничиуал бакæндзæн. Куы зæгъын, ахæмтæ сты ацы хистæртæ. Уæвгæ сæм мæсты кæнын дæр нæ хъæуы. Сывæллæттæ хъуамæ хистæртæн алцыдæр барой.

Фæлæ мах, цард цы у, уый чи ’мбары, уыдон, кæй зæгъын æй хъæуы, номыртæ æмæ нымæцтæм былысчъилæй кæсæм. Мæ ацы повесть æз иттæг зæрдиагæй райдаин аргъауы хуызæн. Æмæ йæ райдаин афтæ:

«Царди æмæ уыди Чысыл æлдар. Уый райгуырди, йæхицæй гыццыл стырдæр йеддæмæ чи нæ уыд, ахæм планетæйы, æмæ тынг тыхсти, æмбал ын кæй нæ уыди, уымæй...» Цард цы у, уый чи зоны, уыдон уайтæккæ дæр бамбариккой, мæ ныхæстæ æцæгдзинадмæ тынг хæстæг кæй сты.

Мæ чиныг мын хи ирхæфсыны тыххæй кæсой, уый та мæ æппындæр нæ фæнды, уымæн æмæ, цы хабæрттæ фыссын, уыдон зæрдæрисгæйæ мысын, сæ дзурын та мын зын у. Мæ хæлар æмæ йæ уæрыккæй куы фæхицæн дæн, ууыл æнæхъæн æхсæз азы рацыд. Чысыл æлдар куы ферох уа, уымæй тæрсын æмæ йын йæ хабæрттæ уымæн фыссын. Æмбæлтты рох кæнынæй æвзæрдæр ницы ис. Стæй æмбал алкæмæн нæ вæййы. Æз, нымæцтæ йеддæмæ диссаг кæмæ ницы кæсы, уыцы хистæрты хуызæн куы суон, уымæй тынг тæрсын. Ахорæнтæ кæм ис, ахæм асикк æмæ хуызджын кърандæстæ дæр уымæн балхæдтон. Мæ карæнæй ногæй нывтæ кæнынмæ бавналын æнцон хъуыддаг нæу, уæлдайдæр дæ цард-цæрæнбонты калмы æдде æмæ мидæгæй йеддæмæ куы нæ скæнай, уæд. Уый дæр æхсæзаздзыдæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, æз бацархайдзынæн, цы нывтæ кæнон, уыдоны йæхи хуызæн цæмæй уа, ууыл. Уæвгæ, мæ бæллиц сæххæст кæнын мæ къухы бафтдзæн, уый мæ тынг нæ уырны. Уымæн æмæ мын йæ иу ныв йæхи хæдхалдих рауайы, иннæмæ та йæхи хуызæнæй æппындæр ницы вæййы. Уæдæ йæ ас дæр афтæ: иу нывы мын Чысыл æлдар æгæр бæрзонд, иннæйы та, цы у, уымæй ныллæгдæр рауад. Стæй йын йæ дарæсы хуыз дæр нал хъуыды кæнын. Уымæ гæсгæ йын йæ дзаумæттæ алыхуызон ахорæнтæй сныв кæндзынæн, кæд дзы искæцы фæрæстмæ уаид. Нæ фæрæдидзынæн, уымæй дæр мæ ныфс нæй. Фæлæ-иу мын бахатыр кæнут. Мæ хæлар мын никуы ницы дзырдта. Чи зоны, уый мæ йæхи хуызæн æнхъæл уыди. Фæлæ, хъыгагæн, мæнæн æхгæд асыччы уæрыччы фенын мæ бон нæ баци. Чи зоны, æз дæр хистæрты хуызæн цæмæйдæр дæн. Æвæццæгæн, зæронд кæнын райдыдтон.

## V

Алы бон дæр-иу ын йæ планетæйы тыххæй исты ногдзинад базыдтон: куыд æй ныууагъта, балцыты кæмыты уыди. Уыдæттимæ мæ сабыргай зонгæ кодта. Баобабты хабар дæр æртыккаг бон базыдтон.

Уый дæр уæрыккимæ баст уыд. Чысыл æлдар дызæрдыгдзинады ахæсты бахауд æмæ бафарста:

— Уæрыччытæ къутæртæ æцæгæй хæрынц?

— Æцæгæй.

— Цы хорз у!

Уæрыччытæ къутæртæ кæй хæрынц, уый хорз цæмæй у, уымæн ницы бамбæрстон. Чысыл æлдар ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

— Уæдæ уыдон баобабтæ дæр хæрынц?

Æз ын дзуапп радтон, баобабтæ къутæртæ кæй не сты, фæлæ, дынджырдæр скæнæн нæй, ахæм бæлæстæ кæй сты æмæ сæм фондзыссæдз пылы куы ’рбакæнай, уæддæр сæ бон иу бæлас бахæрын дæр кæй нæ бауыдзæн.

Пылты кой фехъусгæйæ, Чысыл æлдарыл худæг бахæцыд:

— Æвæццæгæн, сæ кæрæдзийы сæрыл сæвæрын бахъæуид...

Стæй ма иуцасдæр ахъуыды кæныны фæстæ загъта:

— Баобабтæ, цалынмæ нæ сырæздзæни, уæдмæ тынг чысылтæ вæййынц.

— Уымæй раст зæгъыс. Дæ уæрыкк хъуамæ æнæмæнг баобабтæ бахæра?

— Уæдæ куыд загътай? — цыма ныхас хуымæтæджы æцæгдзинæдтыл цыд, уый хуызæн фæхъæр кодта Чысыл æлдар.

Хъуыддаг цæй мидæг ис, уый цалынмæ бамбæрстон, уæдмæ дзæвгар рæстæг фæхъуыды кодтон.

Куыд иннæ планетæтыл, афтæ Чысыл æлдары планетæйыл дæр зади пайдайаг кæрдæджытæ дæр æмæ зианхæссæг кæрдæджытæ дæр. Кæд æцæгæй афтæ у, уæд уым ис хорз æмæ пайдайаг кæрдæджыты хорз, стæй зианхæссæг æмæ фыдбылызджын кæрдæджыты æвзæр мыггæгтæ. Фæлæ зындгонд куыд у, афтæмæй мыггæгтæн фенæн нæй, уымæн æмæ зæххы ныгæдæй фæхуыссынц. Фæлæ дзы иугæр искæцы райхъал, уæд билцъ рауадзы æмæ йæхи хурмæ ивазын райдайы. Фыццаг иууылдæр афтæ зæрдæмæдзæугæ вæййынц, æмæ сæм кæсынæй нæ бафсæддзынæ. Уый мæймæбулкъ кæнæ сырх уардийы æвзар куы уа, уæд уадз æмæ рæза, фæлæ исты зианхæссæг кæрдæг куы уа, уæд æй цас тагъддæр стонай, уыйас — хуыздæр. Чысыл æлдары планетæйы дæр ис æвирхъау зианхæссæг мыггæгтæ... уыдон сты баобабты мыггæгтæ. Планетæ æгасæй дæр уыдонæй хъæстæгонд у. Æмæ баобабы æвзар рагацау куы нæ раиртасай, уæд дзы уый фæстæ фервæзæн ницыуал хуызы ис. Планетæ æнæхъæнæй дæр йæхи бакæндзæн. Йæ уидæгтæ дзы иннæрдæм акæсдзысты. Планетæ тынг чысыл куы уа, баобабтæ та — бирæ, уæд æй къæртгай ныддихтæ кæндзысты.



— Ахæм фидар æгъдау ис, — загъта мын фæстагмæ Чысыл æлдар. — Райсомæй куы сыстай, дæхи куы ныхсай, иу ныхасæй, дæхимæ куы базилай, уæд хъуамæ æвæстиатæй дæ планетæмæ дæр базилай. Æнæмæнг алы бон дæр баобабтæ куынæг кæнынил архайын хъæуы. Чысылæй сырх уардийы æвзарты хуызæн вæййынц æмæ дзы чи кæцы у, уый иртасын куы райдайай, афтæ сæ куынæг кæнынил ма ауæрд. Æнæзæрдæзæгъгæ куыст у, фæлæ дзы зынæй ницы ис.

Иу хатт мæм æрхатыди, ахæм ныв, дам-ма скæн, цæмæй, дам, æй сымах сывæллæттæ дæр зоной.

— Искуы сын балцы цæугæ куы ’рцæуа, — загъта Чысыл æлдар, — уæд сæ бахъæудзæн. Иннæ куыстытæ фæстæдæрмæ куы фæуадзай, уæддæр ницы кæны. Фæлæ баобабты кой нæ бакодтай, зæгъгæ, уæд фæсмон фæкæндзынæ. Æз иу ахæм планетæ зыдтон, магуса кæм царди. Баобабты æртæ талайы афонил нæ акъуырдтой, æмæ...



Чысыл æлдары ныхæстæм гæсгæ æз уыцы планетæ сныв кодтон. Искæмæн зондамонынæй æнаддæр мын ницы ис. Фæлæ баобабтæ куыд тæссаг сты, уый бирæтæ нæ зонынц. Астероидмæ чи бахауа, уыдонæн цы фыдбылызтæ æрхæсдзысты, уый зæрдыл даргæйæ, ме ’гъдау фехæлдтон æмæ сывæллæттæн зæгъын: «Уæхи хъахъхъæнут баобабтæй!» Афтæ зæгъынмæ хъавын ме ’мбæлттæн дæр, уымæн æмæ нæ зонынц, цы фыдбылыз сæм æнхъæлмæ кæсы, уый. Æз дæр æй кæддæр нæ зыдтон. Мæ нывыл афтæ зæрдиагæй дæр уымæн куыстон. Бирæ тыхтæ йыл кæй бахардз кодтон, ууыл фæсмон нæ кæнын. Чи зоны, исчи уæ афтæ дæр бафæрса, мæ чиныджы ахæм стыр нывтæ иу йеддæмæ цæуылнæ ис, зæгъгæ. Уымæн ратдзынæн хуымæтæджы дзуапп: баобабтæ кæм сты, ахæм егъау ныв скæнынил ма архайдтон, фæлæ мын нал бантыст. Баобабты куы ныв кодтон, уæд мæ разæнгард кодта, мæ куыст ахсджиаг æмæ дарддæрмæ æргъæн кæмæн нæй, ахæм кæй у, уыцы хъуыддаг.



## VI

О мæ Чысыл æлдар! Дæ цард куыд æнкъард æмæ иугъæдон уыд, уый сындæггай-сындæггай бамбæрстон. Бирæ рæстæг æхсызгондзинад истай хиирхæфсæнæй — уарзтай хурныгуылдмæ кæсын. Уый æз бамбæрстон цыппæрæм бон, дæ хъуыды æргомæй куы загътай, уæд:

— Хурныгуылд бирæ уарзын. Цом-ма, хур куыд фæцæйныгуылдзæн, уымæ бакæсæм.

— Иучысыл нæ багæдзæ кæнын бахъæудзæн.

— Цæмæн?

— Раздæр уал хъуамæ хур скæса.

Фыццаг мæ ныхæстыл бадис кодтай, стæй дæхиуыл ныххудтæ æмæ загътай:

— Цыма нæхимæ дæн, цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ кæсы.

Æмæ æцæгæйдæр. Алчидæр зоны, Америчы сихорафон куы вæййы, уæд Францы та хур фæцæйныгуылы. Уыцы рæстæг Францы февзæр, уæд, хур куыд ныгуылы, уый фенис. Хъыгагæн, Францмæ тынг дард у. Дæ гыццыл планетæйы та дæ бон иуцалдæр санчъехы æддæдæр æрæвæр æмæ ногæй дæ зæрдæйы дзæбæхæн хурныгуылдмæ кæс. Афтæ, цалдæриддæр хатты дæ фæнда, уал хатты...

— Иу хатт æз бон хурныгуылд федтон цыппар æмæ дыууиссæдз хатты.



Стæй ма, иуцасдæр хъусæй алæууыны фæстæ дæ ныхасмæ бафтыдтай:

— Цы, уый зоныс? Тынг æнкъард куы уай, уæд хурныгуылдмæ кæсынæй хуыздæр ницы ис...

— Æвæццæгæн, хурныгуылд цыппар æмæ дыууиссæдз хатты куы федтай, уыцы бон тынг æнкъард уыдтæ?

Чысыл æлдар мын ницы дзуапп радта.

## VII

Фæндзæм бон — уый дæр та уæрыччы фæрцы — æз базыдтон Чысыл æлдары сусæгдзинад. Цыма ахæм хатдзæгмæ бирæ рахъуыды-бахъуыдыты фæстæ æрцыд, уый хуызæн мæ æваст комкоммæ бафарста:

— Кæд уæрыкк къутæртæ хæры, уæд, æвæццæгæн, дидинджытæ дæр хæры.
— Уæрыкк алцыдæр хæры. Йæ размæ цы фæуа, уымæй ницæуыл бацауæрддзæн.
— Сындзджын дидинджытыл дæр?
— Сындзджын дидинджытыл дæр.
— Уæдæ ма сындзытæ цæмæн хъæуынц?



Уый æз нæ зыдтон. Ноджы мæ тынг не ’вдæлди. Моторы иу лæсгæр ныффидар æмæ уый разилыныл архайдтон. Мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Мæ уавæр уыди бынтон æвзæр: дон мæм, зæгъæн ис, æмæ æппындæр нал уыд. Æнæнхъæлæджы мæ хæдтæхæг æрбадын кæнын кæй бахъуыд, уый æвирхъау фæстиуджытæм куы расайа, уымæй тарстæн.
— Уæдæ ма, зæгъын, сындзытæ цæмæн хъæуынц?
Чысыл æлдармæ иу ахæм миниуæг раиртæстон: истæмæй дæ-иу куы бафарстаид, уæд ын цалынмæ дзуапп радтаис, уæдмæ дæ нæ ныууагътаид. Æгоммæгæс лæсгæр мæ мæ хурхы нарæгмæ скодта æмæ йын куыдфæнды дзуапп радтон:
— Сындзытæ æппындæр ницæмæн хъæуынц, дидинджытыл фырмæстæй æрзайынц.
— Уымæн уæвæн нæй!
Иуцасдæр ничиуал ницы сдзырдта, стæй æрæджиау мæстыхуызæй загъта:
— Нæ дыл æуууæндын. Дидинджытæ тынг æнæхин сты, архайынц хъæбатыр уæвыныл. Уыдон афтæ хъуыды кæнынц, сындзытæ сыл куы уа, уæд сæ алчидæр тæрсдзæн, зæгъгæ...
Ницы дзуапп ын радтон. Уыцы уысм мæхицæн ахæм ныхæстæ кодтон: «Ацы лæсгæр ма ныртæккæ дæр куы нæ разила, уæд æй дзæбугæй ахæм цæф ныккæндзынæн, æмæ тæгæлтæ куыд ахауа!» Чысыл æлдар та мын мæ хъуыдыты хал фескъуыдта:
— Ды куыд хъуыды кæныс, афтæмæй дидинджытæ...
— Æз ницы хъуыды кæнын. Æрмæстдæр дын загътон, фыццагдæр ме ’взаг цы скарста, уый. Куы йæ уыныс, ахсджиаг куыст кæй кæнын.
Уый мæм дисхуызæй æрбакаст:
— Ахсджиаг куыст, зæгъыс?
Йæ цæстытæ мæ ныццавта. Сæрдæн зетийæ мæхи самæстон, дзæбуг мæ къухы, афтæмæй архайдтон, Чысыл æлдармæ фыдконд чи каст, ахæм æнæзонгæ дзаумаимæ.
— Дæ ныхæстæ мæм хистæрты ныхæсты хуызæн кæсынц.
Мæхицæй фефсæрмы дæн. Йæ ныхæстæм ма æнæхатырæй бафтыдта:
— Бæстæ сæмтъеры кодтай... Ды ницы ’мбарыс!
Æцæг кæй смæсты, уый ма мын цы бамбарын хъуыд. Дымгæ йын йæ дзыккутæ спехцел кодта æмæ йæ сæр батылдта.
— Æз иу ахæм планетæ зонын, сырхцæсгом æлдар кæм цæры. Уый йæ цард-цæрæнбонты дидинæгмæ иу хатт дæр никуы басмыста. Иу хатт дæр стъалымæ никуы скаст. Æппындæр никуы никæй уарзта. Никуы ницы куыста. Кæны æрмæстдæр иу хъуыддаг: нымæцтæ кæрæдзимæ æфтауы. Хурыскастæй хурныгуылдмæ кæны æрмæстдæр уыцы иу ныхæстæ: «Æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн! Æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн!» Мæнæ раст дæу хуызæн. Æмæ йæхицæй хуымæтæджы сæрыстыр у! Афтæмæй та адæймаг нæу. Уый у хуымæтæджы зокъо.
— Цы загътай?
— Зокъо.
Чысыл æлдар фырмæстæй афæлурс.
— Дидинджытыл сындзытæ милуангай азтæ зайы æмæ сæ милуангай азтæ уæрыччытæ хæрынц. Уымæй ма диссагдæр исты уыдзæн: кæд сын сындзытæй ницы пайда ис, уæд, цæмæй зайой, ууыл афтæ зæрдиагæй цæмæн архайынц? Æви уæрыччытæ æмæ дидинджыты æхсæн æнауæрдон тох кæй цæуы, уый хъус æрдарыны аккаг нæу? Мæнмæ гæсгæ, уый хæрзхуыз сырхцæсгом æлдары арифметикæйæ бирæ ахсджиагдæр у. Æз зонын ахæм дидинæг, æппæт дунейы мæ планетæ йеддæмæ чи никуы зайы. Уыцы дидинæг чысыл уæрыкк ахордта, зæгъгæ, уæд уый стыр æвгъайуаг хъуыддаг нæ уаид? Æви дæумæ гæсгæ уыдон чысыл хабæрттæ сты?
Йæ цæсгом тынг фæсырх уæвгæйæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта:
— Иу дидинæг куы уарзай, милуангай стъалытыл дыккаг ахæм куынæ уа, уæд уый дæр фаг у, цæмæй адæймаг йæхи амондджын хона. Дæхинымæр сæрыстырæй хъуыды кæндзынæ: «Дард кæмдæр зайы мæ дидинæг...» Фæлæ йæ уæрыкк куы

ахæра, уæд дæм афтæ фæкæсдзæн, цыма арвыл цы æнæнымæц стъалытæ ис, уыдон уыцы иумæ ахуыссыдысты. Æви та, дæумæ гæсгæ, уый дæр лыстæг хабар у?

Дарддæр йæ бон дзурын нал уыд. Æваст йæ хъæлæсыдзаг ныккуыдта. Уæдмæ æрталынг. Мæ куыст ныууагътон. Уыцы æнæхайыры лæсгæр мæ рох дæр ма фæци. Мæ дойны æмæ мæ мæлæты сагъæс дæр нал уыд. Ме стъалыйыл, мæ планетæйыл — йæ ном Зæхх кæмæн хуынд, уыцы планетæйыл хæкъуырццæй куыдта Чысыл æлдар æмæ йæ хъуамæ æнæмæнг басабыр кодтаин. Мæ хъæбысмæ йæ систон æмæ йын авдæны зарæг кæнын райдыдтон, зæрдæтæ йын æвæрдтон: «Дæ уарзон дидинæгæн мацæмæй тæрс. Дæ уæрыккæн цъутта сныв кæндзынæн, йæ алыварс та æфсæн быру сараздзынæн. Ноджы ма йын...» Дарддæр цы загътаин, уый нал зыдтон. Мæхимæ ахæм æнæбон кастæн, æмæ диссаг. Цæмæй мæ фехъуса, уый тыххæй йæм, цы номæй сдзырдæуа, ууыл хъуыдытыл фæдæн. Аййафын мæ хъуыд, мæнæй дарддæрæй-дарддæр чи кодта, уыцы зæрдæ, фæлæ куыдæй, уый нæ зыдтон. Ацы цæссыгтæйдзаг бæстæ ахæм æнахуыр æмæ æбæлвырд у, æмæ йын зæгъæн дæр нæй.

## VIII

Чысыл фæстæдæр уыцы дидинæджы хабæрттæ бæлвырддæр базыдтон. Чысыл æлдары планетæйы æдзухдæр зайы хуымæтæджы дидинджытæ. Уыдис сыл цалдæргай сыфтæ, ахстой чысыл бынат æмæ никæй хъыгдардтой. Кæрдæджы æхсæн-иу сæумæрайсом дидинæг ракалдтой æмæ-иу изæрæй баруадысты. Фæлæ, цы дидинæджы кой кодта, уый мыггаг кæцæйдæр дымгæ æрбахаста. Йе 'взар зæххæй куы скаст, уæдæй фæстæмæ дзы Чысыл æлдар йæ цæст нал иста, уымæн æмæ иннæ æвзартæ æмæ кæрдæджы хæлттæй иуы хуызæн дæр нæ уыд. Суанг ма тæрсгæ дæр фæкодта, кæд баобабты ног мыггаг у, зæгъгæ. Къутæр хæрдмæ тынг нал рæзт, фæлæ йыл дзæгæрæг фæзынд. Чысыл æлдар ахæм стыр дзæгæрæг никуыма федта æмæ диссагмæ æнхъæлмæгæсæгау каст, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Æнахуыр къутæр та йæхимæ зилыныл нæ ауæрста, цæмæй бонæй-бон рæсугъддæр кодтаид, ууыл архайдта. Хуымæтæджы сыфтыл не 'рвæссыд, фæлæ сын агуырдта сæ аивдæртæ. Уæдæ ахорæнтæн дæр сæ хуымæтæгтæм йæ хъус нæ дардта. Зырзыраг дидинджыты хуызæн дунемæ хъуамæ пыхцылсæрæй ма фæзындаид. О, уый уыдис æнахуыр къленц. Хуры рухс фенынмæ йæхи цæттæ кодта æрвылбон дæр. Æмæ мæнæ иу райсом раджы дзæгæрæг, хур куыддæр скаст, афтæ йæ сыфтæ байгом кодта.



Æмæ йæхи афтæ бирæ чи фæцæттæ кодта, уыцы бæстырæсугъд йæ ком ивазгæйæ куы зæгъид:

— Тыххæй-фыдæй райхъал дæн... Хатыр курын... Æз нырма тынг пыхцылтæ дæн...

Чысыл æлдары дисæн кæрон нал уыд:

— Цы диссаджы рæсугъд дæ!

— Æцæг зæгъыс? — бафарста ныллæг хъæлæсæй дидинæг. — Рох дæ ма уæд, хуримæ кæй райгуырдтæн, уый.

Чысыл æлдар, кæй зæгъын æй хъæуы, бамбæрста, æнахуыр уазæг сæ тæккæ уæздандæртæй кæй нæу, уый, фæлæ йæ йæ рæсугъддзинад уацары райста æмæ ахæм лыстæг хъуыддæгтæм æргом нал здæхта.



Бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ дидинæг загъта:

— Мæнмæ гæсгæ, аходæн кæнын афон у. Дæ хорзæхæй, мæ кой-ма бакæн.

Чысыл æлдар фефсæрмы, æвгæнæн райста æмæ дидинæгыл суадоны дон ныккодта.

Чысыл фæстæдæр рабæрæг, бæстырæсугъд хъал æмæ сæрыстыр кæй у. Чысыл æлдары стыхсын кодта. Дидинæгыл уыди цыппар сындзы æмæ иу хатт Чысыл æлдарæн загъта:

— Тигртæ мæм куы ’рбацæуой, уæддæр дзы иуы дзæмбыйæ дæр нæ фæтæрсдзынæн.

— Мæ планетæйы тигртæ нæй, — загъта йын Чысыл æлдар. — Стæй тигртæ кæрдæг нæ хæрынц.

— Æз дын кæрдæг нæ дæн, — Чысыл æлдары ныхæстæ нæ фæцыдысты дидинæджы зæрдæмæ.

— Бахатыр кæн...

— Æмæ иу тиграй дæр нæ фæтæрсдзынæн. Кæд истæмæй тæрсын, уæд — дыууæ дымгæйæ. Ницы æмбæрзæн дæм ис?



«Искуы ма зайæгой дыууæ дымгæйæ фæтæрсы? — ахъуыды кодта йæхинымæр Чысыл æлдар. — Диссæгтæй цы кæныс! Ацы дидинæг тынг зындарæн куы разына, уымæй тæрсын».

— Изæры ма-иу мæ истæмæй бамбæрз. Сымахмæ æгæр уазал у. Стæй мæм уæ планетæ райдзастдæрхъуаг кæсы. Æз кæцæй æртахтæн, уым...

Йæ ныхас кæронмæ нæ фæци, уымæн æмæ ардæм, мыггаг ма куы уыд, уæд æрбафтыд æмæ, кæцæй æрбацыд, уымы хабæрттæн ницы зыдта. Дæ гæдыныхæстæ, æнцон рабæрæггæнæн куы уой, уæд сайын æдылыдзинад у. Бæстырæсугъд фефсæрмы, æмæ Чысыл æлдары цур йæхи аххосджын кæй хоны, уый бамбарыны тыххæй фæд-фæдыл цалдæр хатты схуыфыд.

— Æмбæрзæн кæм и?

— Æрбахæссынмæ йæ хъавыдтæн, фæлæ дæ дзургæйæ куыд ныууагътаин?

Дидинæг ноджы тынгдæр схуыфыд.

Чысыл æлдар диссаджы рæсугъд дидинæджы кæй бауарзта, уый бæлвырд уыд, фæлæ йæм иуцасдæры фæстæ фæзынд дызæрдыджы хъуыдытæ. Ницæуыл дзурæг ныхæстæ йæ зæрдæмæ арф кæй иста, уымæ гæсгæ йæхи хонын райдыдта тынг æнамонд.

— Дзæгъæлы йæм хъуыстон, — загъта мын иу хатт Чысыл æлдар. — Дидинджытæ цы дзурой, уымæ хъусын никуы хъæуы. Уыдонмæ хъæуы æрмæстдæр кæсын æмæ сын сæ адджын тæфмæ смудын. Мæ дидинæджы хæрздæфæй мæ планетæ байдзаг, æз та ууыл цин кæнын нæ базыдтон. Уыцы тигртæ æмæ сæ дзæмбыты хабæрттæ мæ зæрдыл куы ’рбалæууынц, уæд... Хъуамæ мæ зæрдæ суынгæг уыдаид, æз та мæсты кодтон...



Стæй ма мын ноджыдæр иу сусæгдзинад раргом кодта:

— Уæд ницыма ’мбæрстон! Ныхæстæм хъусын мæ нæ хъуыди, фæлæ, мæ цæстæй цы уыдтон, уымæ кæсын. Уый мын æнæвгъауæй лæвæрдта йæ хæрздæф, мæ цард мын срæсугъд кодта. Лидзын мæ нæ хъуыди. Уыцы чысыл хиндзинæдтæ æмæ худæджы миты фæстæ æнаухыр фæлмæн зæрдæ кæй æмбæхст, уый раиртасын нæ базыдтон. Уæвгæ ма уæд бынтон æрыгон уыдтæн æмæ уарзын нæма зыдтон.

## IX

Куыд бамбæрстон, афтæмæй Чысыл æлдар сфæнд кодта хуссармæ тæхæг мæргътимæ балцы ацæуын. Фæстаг бон ма райсомæй йæ планетæ бафснайдта. Йæ хъуырæй цы вулкантæ калд, уыдон ныссыгъдæг кодта. Ахæм вулкантæ йæм дыууæ уыдис. Райсомæй-иу йæ аходæн уыдоныл схъарм кодта. Уымæй уæлдай ма йæм уыди, чи бахус, иу ахæм вулкан. Фæлæ, дам,

цы нæ вæййы: æмæ уый дæр ныссыгъдæг кодта. Вулкантæ бæстон куы ныссыгъдæг кæнай, уæд сæ арт иугæндзонæй фæсудзы, сæ хъуырæй акæлынæй тас сын нал вæййы. Вулкан куы скæла, уæд пецы тохынайы сæг куы ссудза, уымæй уæлдай нæу. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах, зæххон адæм, æгæр къаннæг стæм æмæ вулкантæ сыгъдæг кæнын нæ бон нæу. Афтæ бирæ фыдбылызтæ дæр нын уымæн хæссынц.



Чысыл æлдар дæр баобабты фæстаг æвзартæ афтæ æнауæрдонæй уымæн куынæг кодта. Æнхъæлдта, фæстæмæ никуыуал раздæхдзæн. Фæлæ йын уыцы райсом йæ зонгæ куыст лæвæрдта æнахуыр æхсызгондзинад. Фæстаг хатт ма дидинæгыл дон куы ныккодта æмæ йæ æрæмбæрзынмæ куы хъавыд, уæд йæ кæуын йæ былалгъмæ схæццæ.

— Хæрзбон, — загъта Чысыл æлдар.

Бæстырæсугъд ын ницы дзуапп радта.



— Хæрзбон, — дыккаг хатт загъта Чысыл æлдар.

Дидинæг схуыфыд. Фæлæ дзы уазал кæй бацыд, уый тыххæй нæ.

— Æз æдылы уыдтæн, — дзуапп радта æппынфæстаг, — ныххатыр мын кæн. Æмæ бацархай, цæмæй амондджын уай, ууыл.

Иу уайдзæфы ныхас дæр дзы не ссыд. Чысыл æлдармæ уый диссаг фæкаст. Йæ бынаты цавддурау лæугæйæ баззад. Йæ къухы æмбæрзæн, афтæмæй, цы кодтаид, уый нал зыдта. Уыйбæрц уæздандзинад ын кæм æмбæхст уыд?

— О, о, уарзын дæ æмæ йæ нал æмбæхсын! — йæ хъустыл ауад ноджы æнахуырдæр ныхæстæ. — Ныронг дын æй кæй нæ бамбарын кодтон, уый мæн аххос у. Уæвгæ, уый афтæ ахсджиаг нæу. Стæй ды дæр мæн хуызæн æдылы уыдтæ. Амондджын цæмæй уай, ууыл бацархай... Ныуудз æмбæрзæн, уый мæ ныр нал хъæуы...

— Дымгæ та?

— Афтæ уазал мын нæу... Æхсæвы сатæгдзинад мын фехсуыс уыдзæн. Дидинæг нæ дæн, мыййаг?

— Сырдтæ, саскта æмæ хилæгойтæ та?

— Гæлæбуимæ базонгæ кæнынмæ чи фæхъавы, уый хъуамæ дыууæ-æртæ хъуынджын калмæн бабыхса. Мæнмæ гæсгæ, хъуамæ тынг рæсугъд уой. Стæй уыдон куы нæ уой, уæд мæ хъуамæ чи бабæрæг кæна? Ды ардыгæй тынг дард уыдзынæ. Сырдтæй та тæрсгæ нæ кæнын. Мæныл дæр дзæмбытæ ис.

Æмæ йæм, йæ цыппар сындзы равдисгæйæ, загъта:

— Мауал мæ хъизæмарæй мар! Цæуынвæнд скодтай æмæ тагъддæр ацу!

Нæ йæ фæндыди, Чысыл æлдар ын йæ цæссыгтæ федтаид, уый. Тынг сæрыстыр дидинæг уыд...



## X

Чысыл æлдары планетæмæ æппæты хæстæгдæр уыдысты 325, 326, 327, 328, 329 æмæ 330-æм астероидтæ. Æмæ уал раздæр уырдæм ацæуын сфæнд кодта. Уæдæ цы хъуамæ куыстаид, стæй кæд истытæ дæр базыдтаид.

Фыццаг астероиды царди къарол. Мыстулæджы цармæй йыл кæрц, афтæмæй бадти хуымæтæг, фæлæ цæсты чи ахадыдта, ахæм къæлæтджыныл.

— Мæнæ мæ дæлбар дæр! — фæхъæр кодта къарол, Чысыл æлдары ауынгæйæ.

«Цымæ мæ цæмæй базыдта? — сдзырдта йæхинымæр Чысыл æлдар. — Фыццаг хатт мæ куы уыны!»

Уый нæ зыдта, къаролтæ адæмы иууылдæр сæ дæлбартæ кæй хонынц.

— Хæстæгдæр-ма мæм æрбацу, дзæбæхдæр дæ фенон, — чидæр йæ дæлбар кæй у, уымæй æнахуыр сæрыстыр уæвгæйæ, загъта къарол.



Чысыл æлдар йæ алыварс ахъахъхъæдта. Йæ зæрды уыд æрбадын. Планетæ æнæхъæнæй дæр æмбæрзт уыд мыстулæджы цæрмттæй. Кæд тынг бафæллад, уæддæр æнæрлæугæ цы гæнæн уыд. Уалынмæ æнæнхъæлæджы йæ ком айвæзта.

— Æгъдаумæ гæсгæ паддзахы раз ком ивазæн нæй, — загъта къарол. — Æз дын дæ ком ивазыны бар нæ дæттын.

— Æнæнхъæлæджы мын рауад, — хатыр курæгау загъта Чысыл æлдар. — Фæндагыл бирæ фæцыдтæн æмæ æнæхуыссæг дæн...

— Уæдæ дын уæд дæ ком ивазыны бар дæттын, — загъта къарол. — Бирæ азты дæргъы ком ивазгæ никуыуал федтон æмæ ма мæм диссаг дæр кæсы. Уæдæ дæ ком айваз! Ахæм у мæ бардзырд.

— Æфсæрмы кæнын... Стæй мæ нал фæнды, — фæсырх уæвгæйæ, загъта Чысыл æлдар.

— Уæдæ дын æз бардзырд дæттын, цæмæй дæ ком... дæ ком...

Къарол, дарддæр цы загътаид, уый нал зыдта æмæ рамæсты.

Къаролæн хъуамæ исчи йæ фæндон æххæст кæна. Йæ ныхмæ æрлæууын мачи уæнда. Къаролæн уымæй хъыгдæр ницы вæййы. Уыимæ ма хуымæтæджы къарол куы уыдаид — йæхицæн æмбал нæ уыд. Фæлæ уыцы иу рæстæг уыди хæларзæрдæ къарол дæр æмæ лæвæрдта, сæххæстгæнæн кæмæн ис, ахæм бардзырдтæ.

«Мæ инæларæн хърихъупп фест, зæгъгæ, бардзырд куы раттин æмæ мæ ныхас куы нæ сæххæст кæнид, уæд уым аххосджын уый нæ, фæлæ æз уаин», — дзырдта-иу къарол.

— Сбадæн ис? — тæрсгæ-ризгæйæ бафарста Чысыл æлдар.

— Бар дын дæттын: сбад! — æмæ йæ мыстулæджы цармæй конд кæрцы фæдджийыл схæцыд.

Чысыл æлдар йæхинымæр дисы бацыд, планетæ гыццыл куы у, уæд дзы паддзах кæмæн у, зæгъгæ.

— Дæ иуылбæрзонддзинад, бафæрсæн ис? — загъта Чысыл æлдар.

— Бар дын дæттын: бафæрс! — тагъд-тагъд загъта къарол.

— Дæ иуылбæрзонддзинад... дæ паддзахад кæм ис?

— Алы ран дæр, — хуымæтæг дзуапп радта къарол.

— Алы ран дæр?

Къарол йæ къух ахаста йæ планетæйыл, стæй иннæ планетæтæ æмæ стъалытыл.

— Уыдон иууылдæр дæ паддзахадмæ хауынц? — бафарста та йæ Чысыл æлдар.

— О, — дзуапп радта къарол, уымæн æмæ къарол уыди, йæ хицаудзинадæн кæрон чи нæ зыдта, ахæм.

— Стъалытæ дæр дæ дæлбар сты? — бафарста Чысыл æлдар.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, — дзуапп рдата къарол. — Иу къæмы хуызæн. Мæ ныхасыл дыууæ чи зæгъид, уымæй ме сæфт фенин.

Чысыл æлдары дисæн кæрон нал уыд. Уымæ дæр ахæм тых æмæ бартæ куы уаид! Уæд хурныгуылд бон цыппар æмæ дыууиссæдз хатты нæ уынид, фæлæ дыууадæс æмæ æртиссæдз, чи зоны, фондзыссæдз кæнæ дыууæфондзыссæдз хатты, стæй йæ йæ бандон иу ранæй иннæмæ хæссын дæр нæ хъæуид. Йæ планетæ йæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ æрæнкъард. Йæхи фæхъæбатыр кодта æмæ къаролæн загъта:

— Хурныгуылд фенын мæ фæнды. Дæ хорзæхæй, хурæн-ма зæгъ æмæ аныгуыла...

— Инæларæн бардзырд куы радтон, гæлæбу фест æмæ пæрпæргæнгæ ратæх-батæх кæн, кæнæ трагеди ныффысс, кæнæ кæсагдзау денджызон маргъ фест, зæгъгæ, æмæ мæ бардзырд куы нæ сæххæст кæна, уæд аххосджын чи уыдзæн — æз æви инæлар?

— Ды, дæ иуылбæрзонддзинад, — æнæдызæрдыгæй дзуапп радта Чысыл æлдар.

— Тынг раст зæгъыс, — сразы къарол. — Алкæмæйдæр домын хъæуы, йæ бон цы у, уый. Разамонæг æппæты фыццаг хъуамæ зонджын уа. Дæ адæмы денджызы куы ’ппарын кæнай, уæд уый революцимæ расайдзæн. Адæм хъуамæ мæ фæндон æххæст кæной, уымæн æмæ сæ цы домын, уымæн бындур ис.

— Хурныгуылды хабар та? — Чысыл æлдар йæ фарстæн дзуапп кæй нæма райста, уый дзы нæ ферох. Куы ма йæ загътон, иугæр-иу истæмæй бафарста, уæд-иу цалынмæ дзуапп нæ райста, уæдмæ-иу йæхицæн бынат не ссардта.

— Хурныгуылд дæр фендзынæ. Куы мæ бафæнда, уæд ын æнæаныгуылгæ нæй. Æрмæст ын бæлвырд уавæртæ хъæуы. Зонджын разамонæг сæ хъуамæ æнæмæнг хынца.

— Æмæ уыцы уавæртæ кæд ралæудзысты? — бафарста Чысыл æлдар.

— Кæд куы зæгъай, уæд... — бæзджын къæлиндар фæлдахгæйæ, йæхинымæр дзурæгау загъта къарол. — Уый уыдзæн... Хуыцау дын хорз ракæна... а изæр авд сахаты ’мæ дыууиссæдз минутыл. Уæд дæхи цæстытæй фендзынæ, мæ ныхасæн аргъ ис æви нæй.

Чысыл æлдар йæ ком айвæзта. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъыгаг хабар у, хурныгуылд, дæхи кæд фæнды, уæд кæй нæ фендзынæ, уый. Чысыл æлдар куыннæ хъуамæ æрæнкъард уыдаид.

— Мæнæн цæуын афон у, — загъта Чысыл æлдар. — Ам мæ ницыуал хъуыддаг ис.

— Ма ацу, — æрхатыд æм йæ фысым: дæлбар ын кæй фæзынд, уый йын æхсызгон уыд æмæ йæ йæ ацыд нæ фæндыд. — Ам баззай æмæ дæ министры бынаты сæвæрдзынæн.

— Цавæр министры?

— Зæгъæм, юстицийы.

— Æмæ кæмæн тæрхон кæндзынæн, ам куы ничи цæры, уæд?

— Уый ма зæгъ, — йемæ не сразы къарол. — Нырма мæ къаролады кæронмæ мæ цæст нæма ахастон. Æгæр базæронд дæн, къаретæн мæм бынат нæй, фистæгæй цæуынмæ та мæ ныфс нал хæссын...

Чысыл æлдар æргуыбыр кодта æмæ ма иу хатт планетæйы иннæ хайыл афæлгæсыд.

— Æз æй федтон æмæ дзы иу ран дæр цæрæгудыл мæ цæст не ’рхæцыд.

— Уæд та дæхæдæг дæхицæн тæрхон рахæсс, — загъта къарол. — Уымæй зындæр ницы ис. Иннæтæй дæхицæн тæрхон рахæссын бирæ зындæр у. Кæд дæхицæн раст тæрхон скæнай, уæд ды æцæгæйдæр зонджын дæ.

— Мæхæдæг мæхицæн тæрхон кæмфæндыдæр рахæсдзынæн, — загъта Чысыл æлдар. — Фæлæ мæ уый тыххæй ам зайыны сæр ницæмæн хъæуы.

— Афтæ зæгъыс, и? — загъта къарол. — Кæд нæ рæдийын, уæд мæ планетæйы хъуамæ кæмдæр иу зæронд уыры цæра. Æхсæвыгæтты йын йæ хыртт-хыртт фехъусын. Уыцы зæронд уырыйæн дæ бон тæрхон рахæссын уаид. Рæстæгæй-рæстæгмæ йын-иу марыны тæрхон скæн. Йæ цард дæуæй аразгæ уыдзæн. Фæлæ-иу ын æппынфæстаг ныххатыр кæн. Зæронд уырыйыл аудын хъæуы, иунæг йеддæмæ нæу, æмæ хъуамæ уый нæ зæрдыл дарæм.

— Марыны тæрхон хæссын нæ уарзын, — загъта Чысыл æлдар. — Стæй куы зæгъын, мæнæн цæуын афон у.

— Нæма дын у, нæма, — йæ хъуыры абадт къарол.

Чысыл æлдар цæуынæввонг уыд, фæлæ йæ зæронд къаролы зæрдæхудт райсын нæ фæндыд.

— Кæд дæ, дæ бардзырдтæ дын цæмæй æххæст кæной, уый фæнды, уæд адæмымыггаг бардзырдтæ дæтт. Зæгъæм, дæ фæндагыл æвæстиатæй араст у, зæгъгæ, мын куы зæгъис, уæд дын дæ фæндон æнæмæнг сæххæст кæнин, уымæн æмæ йын фадæттæ ис.

Къарол хъусæй лæууыд. Чысыл æлдар ма иу гыццыл афæстиат, арф ныуулæфыд æмæ йæ фæндагыл араст.

— Уæд та минæвары бынатыл сразы у, — йæ фæдыл ма адзырдта къарол.

Æмæ йын ахæм хуыз уыд, цыма йæ ныхмæ æрлæуджытæй никæмæ байхъуыстаид.

«Диссаджы адæм сты ацы хистæртæ», — ахъуыды кодта цæугæ-цæуын йæхинымæр Чысыл æлдар.

## XI

Дыккаг планетæйы цард цытуарзаг адæймаг.

— Æппынфæстаг, мæ цытæн мын аргъ чи кæндзæн, ахæм дæр фæзынди! — бацин кодта уый, Чысыл æлдар дардмæ ауынгæйæ.



Кадмондаг адæммæ афтæ фæкæсы, цыма сыл адæм æрхъæцмæ нæ хъæцынц, бирæ сæ уарзынц.

— Дæ бон хорз, — загъта Чысыл æлдар. — Цы диссаджы æнахуыр худ дыл ис!

— Уæлдай рæсугъддæр вæййы, мæ сæрæй ныллæг куы акувын, уæд, — бамбарын ын кодта цытуарзаг. — Ома, арфæ мын куы ракæнынц, уæд сын мæ сæрæй куы акувын, уæд. Хъыгагæн, ардæм цæуæг нæй.

— Цæуæг нæй, зæгъыс? — сдзырдта Чысыл æлдар, фæлæ бæрæг уыд, йæ ныхæстæй йын кæй ницы бамбæрста.

— Æрæмдзæгъд-ма кæн, — сдзырдта цытуарзаг.

Чысыл æлдар йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрхоста. Цытуарзаг йæ худыл схæцыд æмæ йæ сæрæй акуывта.

«Ам зæронд къаролы планетæйæ хъæлдзæгдæр у», — ахъуыды кодта Чысыл æлдар æмæ та æрæмдзæгъд кодта. Цытуарзаг та йæ худыл схæцыд, йæ сæрæй уæздан акуывта.

Афтæ иу-фондз минуты дæргъы. Чысыл æлдар фæлмæцын райдыдта æмæ ’мдзæгъд кæнын ныууагъта.

— Цы бакæнын хъæуы, цæмæй дæ худ сисай, уымæн? — бафарста Чысыл æлдар.

Цытуарзаг æй нæ фехъуыста. Цытуарзаг адæм æппæлæн ныхæстæ йеддæмæ ницы фехъусынц.

— Ды мæ цытæн æцæгæй стыр аргъ кæныс? — бафарста Чысыл æлдары. — Цытæн аргъ кæнын та цы амоны?

— Уый та уый амоны, æмæ ацы планетæйы мæнæй рæсугъддæр, аивдæр, хъæздыгдæр æмæ зонддæжындæр нæй.

— Æмæ ацы планетæйы дæу йеддæмæ куы ничи цæры.

— Æмæ цы? Уæддæр мын æппæлæн ныхæстæ кæн. Æхсызгон мын уыдзæн.

— Хорз, æппæлын дæ, фæлæ дын уымæй цы пайда ис? Цы ’хсызгондзинад дзы райсдзынæ?

Æмæ цытуарзагæй лидзæг фæци.

«Диссаджы адæм сты æцæгæйдæр ацы хистæртæ», — тæхгæ-тæхын йæхинымæр хъуыды кодта Чысыл æлдар.

## XII

Иннæ планетæйы та царди расыггæнаг. Чысыл æлдар æм бирæ нæ бафæстиат, фæлæ тынг æнкъард хъуыдыты ахæсты бахауд.

Ацы планетæмæ куы ’рбацыд, уæд расыггæнаджы æрбаййæфта афтид æмæ дзаг æвгты цур бадгæйæ. Æнæдзургæйæ бадт æмæ æвгтæм каст.



— Цы кусыс? — бафарста йæ Чысыл æлдар.
— Нуазын, — æнкъардæй дзуапп радта расыггæнаг.
— Цæмæн?
— Цæмæй ферох кæнон.
— Цы ферох кæнай? — бафарста йæ Чысыл æлдар. Расыггæнагæн тынг фæтæригъæд кодта.
— Фæнды мæ мæ худинаг ферох кæнын, — æргом йæ хъуыдытæ загъта расыггæнаг æмæ йæ сæр йæ риуыл æруагъта.
— Цавæр худинаг? — бафарста йæ Чысыл æлдар. Фæндыди йæ расыггæнагæн истæмæй баххуыс кæнын.
— Нуазын худинаг у, — загъта расыггæнаг, фæлæ уый фæстæ иу фарстæн дæр дзуапп нал радта.
Чысыл æлдар дæр дарддæр йæ фæндагыл араст.
«Æцæг æнахуыр адæм сты ацы хистæртæ», — хъуыды кодта цæугæ-цæуын йæхинымæр Чысыл æлдар.

## XIII

Цыппæрæм планетæйы хицау уыди хъуыддаджы лæг. Уый афтæ æнæвдæлон уыди, æмæ Чысыл æлдары æрбацыд зонгæ дæр нæ бакодта.



— Дæ бон хорз, — салам ын радта Чысыл æлдар. — Дæ сигарет ахуыссыд.

— Æртæмæ дыууæ куы бафтауай, уæд уыдзæн фондз. Фондз æмæ авд — дыууадæс. Фынддæс æмæ авд — дыууæ 'мæ ссæдз. Дыуу 'мæ ссæдзмæ æхсæз куы бафтауай, уæд та уыдзысты аст æмæ ссæдз. Мæ тамако ссудзыны бон дæр мæ нæй. Æхсæз æмæ ссæдз æмæ фондз уыдзысты иуæндæс æмæ ссæдз. Оф-оф! Æдæппæт та уыдзысты фондзсæдæ иу милуаны æхсæзсæдæ дыууын дыууæ мины авдсæдæ æртын иу.

— Фондзсæдæ милуаны цæмæй?

— Цы? Ды дæр ма ам дæ? Фондзсæдæ милуаны... Уæллæй, ферох мæ сты. Уыйбæрц куыст мын ис, уыйбæрц... Æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн, дзæгъæл дзæнгæдамæ мæ не 'вдæлы! Дыууæ æмæ фондз — авд...

— Фондзсæдæ милуаны дæм, зæгъын, цы ис? — ногæй та бафарста Чысыл æлдар: йæ фарстæн цалынмæ дзуап райстаид, уæдмæ-иу дæ нæ ныууагътаид.

Хъуыддаджы лæг йæ сæрыл схæцыд.

— Ацы планетæйы цыппæрдæс æмæ дыууиссæдз азы цæрын æмæ мæ æртæ хатты йеддæмæ нæма бахъыгдардæуыд. Фыццаг хатт дыууæ ’мæ ссæдз азы размæ, кæцæйдæр мæм бур хъæндил куы ’рбатахт, уæд. Бæстæ йæ дыв-дывæй байдзаг æмæ мæ нымайгæйæ цыппар хатты фæрæдийын кодта. Дыккаг хатт мæм — иуæндæс азы размæ — æндыснæг фæзынд. Æдзухдæр бадгæйæ кæй куыстон, уый аххосæй. Дзæгъæл фæгæпп-фæгæппытæм мæ не ’вдæлы. Æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн. Æртыккаг хатт та... абон! Цас уыдысты, загътон? Фондзсæдæ милуаны...

— Уыцы милуантæ, зæгъын, цы сты?

Хъуыддаджы лæуд адæймаг бамбæрста, æнæдзуапратгæ йæ кæй нæ ныууадздзæн, уый.

— Фондзсæдæ милуан мисхалы... уæлдæфы сæ иуæй-иу хатт куы фенæм...

— Бындзытæ?

— Цавæр бындзытæ?! Уыдон бынтон чысылтæ сты, æрттиваг.

— Мыдыбындзытæ?

— Нæ-а. Мæнæ ахæм гыццылтæ, сызгъæрин доны тылд. Исты магуса сæм бахæлæг кæндзæн, уыдонмæ кæсгæйæ, хъуыдыты анығъуылдзæн, фæлæ æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн, æмæ мæ ахæм дзæгъæл митæм не ’вдæлы.

— Æвæццæгæн, стъалытæ.

— О-о, стъалытæ.

— Фондзсæдæ милуан стъалыйы? Æмæ сæ цы аразыс?

— Фондзсæдæ милуаны нæ, фæлæ фондзсæдæ иу милуаны æхсæзсæдæ дыууын дыууæ мины авдсæдæ æртын иу стъалыйы. Æз бæлвырддзинад уарзын.

— Æмæ утæппæт стъалытæн цы дæ зæрды ис?

— Цы мæ зæрды ис?

— О.

— Ницы. Иууылдæр мæн кæй сты, уый мын фаг нæу?

— Дæу сты, зæгъыс?

— О.

— Айфыццаг иу къаролыл фембæлдтæн æмæ уый дæр...

— Къаролтæм æппындæр ницы ис. Уыдон æрмæстдæр хицауиуæг кæнынц. Уый та бынтон æндæр хъуыддаг у.

— Уæддæр стъалытæй цы кæныс?

— Цæмæй хъæздыг уон...

— Æмæ хъæздыг куы уай, уæд цы уыдзæн?

— Ног стъалытæ æлхæндзынæн, кæд сæ исчи байгом кæна, уæд.

«Раст æм расыггæнаджы зонд ис», — ахъуыды кодта Чысыл æлдар, æмæ йæм дарддæр фæрстытæ лæвæрдта:

— Цæмæй стъалыты хицау уай, уый тыххæй цы кæнын хъæуы?

— Стъалытæ кæй сты? — рамæсты хъуыддажы лæг.

— Нæ зонын... никæй.

— Уæдæ мæн сты, уымæн æмæ уыцы хъуыды фыццаг хатт мæнмæ ’рцыд.

— Æмæ уый фаг у?

— Уæлдайджынтæй. Хицау кæмæн нæй, ахæм алмаси куы сарай, уæд уый дæу йеддæмæ кæй хъуамæ уа! Хицау кæмæн нæй, ахæм сакъадах куы ссарай, уæд уый дæр дæу у. Дæ сæрмæ иннæтæй раздæр исты хъуыды куы ’рцæуа, уæд ын патент райс æмæ та уый дæр дæхи бауыдзæн. Стъалытæ мæн сты, уымæн æмæ уыдон йæхи бакæныны хъуыды мæ размæ никæмæ ’рцыд.

— Афтæ фæуæд, — загъта Чысыл æлдар, — фæлæ сын уæддæр цы дæ зæрды ис?

— Цыдæриддæр мæ фæнды, уый сын кæнын, — дзуапп радта хъуыддаджы лæг. — Ранымай-банымай сæ кæнын. Æнцон хъуыддаг нæу, раст зæгъын хъæуы, фæлæ æз хъуыддаджы лæуд адæймаг дæн.

Чысыл æлдармæ уыцы ныхæстæ фаг нæ фæкастысты.

— Мæнмæ зæлдаг хъуырбæттæн куы уа, уæд æй мæ хъуырыл æртухдзынæн æмæ ацæудзынæн, — загъта Чысыл æлдар. — Дидинæг мæм куы уа, уæд æй æртондзынæн æмæ йæ мемæ ахæсдзынæн. Фæлæ стъалытæн та цы дæ зæрды ис?

— Банчы сæ сæвæрдзынæн?

— Куыдæй?

— Куыдæй куы зæгъай, уæд — афтæ: гæххæттыл, цал стъалыйы мæм ис, уый ныффысдзынæн, гæххæтт асыччы ныппардзынæн æмæ йыл гуыдыр сæвæрдзынæн.

— Æндæр дзы ницы хъæуы?

— Æмæ дæм уый фаг нæ кæсы?

«Диссæгтæ! — ахъуыды кодта Чысыл æлдар. — Йæ ныхæстæ адæймагмæ цыдæр уæлмонц бæллицтæ дæр æвзæрын кæнынц, фæлæ æцæгдзинадмæ дард сты».

Æцæгдзинад цы у æмæ цы нæу, уый Чысыл æлдар йæхирдыгонау æмбæрста. Хистæртæй бынтон æндæрхуызон хъуыды кодта.

— Мæнмæ иу дидинæг ис, — загъта Чысыл æлдар, — æмæ йыл алы бон дæр дон кæнын. Мæнмæ ис ноджыдæр æртæ вулканы æмæ сæ алы къуыри дæр ныссыгъдæг кæнын. Æртæйы дæр ныссыгъдæг кæнын, суанг чи ахуыссыд, уый дæр. Цы нæ вæййы. Фыдбылыз хъуынджын уæрццæй уæлдай нæу. Мæ вулкантæн дæр, мæ дидинæгæн дæр, мæн кæй сты, уый пайда у. Стъалытæн та дæуæй ницы пайда ис...

Хъуыддаджы лæг тагъдгомау йæ дзых бæргæ фæхæлиу кодта, фæлæ цы загътаид, уый нæ зыдта æмæ Чысыл æлдар дарддæр йæ фæндагыл араст.

«Цыфæндыйæ дæр ацы ас адæм æнахуыр диссаг сты», — йæхицæн ныхæстæгæнгæ, цыд Чысыл æлдар.

## XIV

Фæндзæм планетæ æппæты диссагдæр æмæ æппæты къаддæр уыд. Бацыдис дзы æрмæстдæр цырагъ æмæ цырагъы хицау. Чысыл æлдар не ’мбæрста, арвыл зынгæ дæр чи никæдæм кæны, хæдзæрттæ æмæ цæрджытæ кæм нæй, уыцы планетæйы цырагъ æмæ цырагъы хицау цæмæн хъæуы, уый, фæлæ уæддæр ахъуыды кодта: «Чи зоны, ацы адæймаг æнæхъола у, фæлæ уæддæр къарол, цытуарзаг, хъуыддаджы лæг æмæ расыггæнаджы хуызæн æнæхъола нæу. Йæ фæллойы цыдæр ис. Цырагъ куы ссудзы, уæд адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма ног стъалы кæнæ ног дидинæг райгуыры. Йæ цырагъ куы ахуыссы, уæд та цыма стъалы кæнæ дидинæг фынæй бавæййынц. Уымæй ма хуыздæр куыст цы уа: рæсугъддзинадыл дзуры».



Æмæ планетæйы цурмæ куы бахæццæ, уæд цырагъы хицауæн йæ сæрæй уæздан акуывта.

— Дæ бон хорз, — загъта Чысыл æлдар. — Дæ цырагъ ныртæккæ цæмæн ахуыссын кодтай?

— Афтæ хъæуы, — дзуапп радта цырагъы хицау. — Дæ бон хорз. Цырагъ хъуамæ ахуысса. Де ’зæр хорз.

Æмæ та цырагъ ссыгъта.

— Нæ дæ ’мбарын, — загъта Чысыл æлдар.

— Æмæ дзы цы ’мбарын хъæуы! — загъта цырагъы хицау. — Де ’зæр хорз.

Æмæ та цырагъ ахуыссын кодта.

Стæй, сырх чырынтæ къухмæрзæнæй йæ ныхы хид асæрфгæйæ, загъта:

— Тынг зын у мæ куыст. Раздæр ын бæргæ хорз аргъ уыди. Цырагъ-иу райсомæй ахуыссын кодтон, изæрæй та-иу æй ногæй ссыгътон. Æнæхъæн бон ма-иу мæ бæрны уыдис баулæфынæн, стæй æнæхъæн æхсæв бафынæй кæнынæн.

— Уый фæстæ уавæр фендæрхуызон?

— Куыд дын æй зæгъон?.. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ мæ планетæ азæй-азмæ тагъддæр зилы, цырагъ судзыны хабар та, куыд уыд, афтæмæй баззад.

— Уæдæ ныр куыд? — бафарста Чысыл æлдар.

— Куыд уыныс, афтæ. Планетæ æххæст зылд æркæны иу минутмæ æмæ мын ис уысм дæр æрулæфыны фадат нæй. Алы минут дæр мæ цырагъ хъæуы ссудзын æмæ ахуыссын кæнын.

— Æнахуыр диссæгтæ! Уæдæ дæ бон иу минуты дæргъæн йеддæмæ нæу?

— Уым диссагæй ницы ис, — загъта цырагъы хицау. — Æз æмæ ды ныхас кæнын куы райдыдтам, уæдæй нырмæ рацыд æнæхъæн мæй.

— Æнæхъæн мæй, зæгъыс?

— О. Дæс æмæ ссæдз минуты. Дæс æмæ ссæдз боны. Де ’зæр хорз.

Æмæ та ногæй цырагъ ссыгъди.



Чысыл ӕлдар цырагъы хицаумӕ цас фылдӕр каст, уыйас йӕ зӕрдӕмӕ тынгӕй-тынгдӕр цыд. Уӕлдай тынгдӕр та, йӕ ныхасӕн хицау кӕй уыд, уый тыххӕй. Йӕ зӕрдыл ӕрбалӕууыд, кӕддӕр хурныгуылд фылдӕр хӕттыты фенины тыххӕй йӕ бандон иу ранӕй иннӕмӕ куыд радав-бадав кодта, уыцы рӕстӕг ӕмӕ йӕ бафӕндыд цырагъы хицауӕн баххуыс кӕнын.

— Цы, уый зоныс! — сдзырдта Чысыл ӕлдар. — Дӕуӕн дӕ бон у, цас дӕ фӕнды, уыйбӕрц улӕфын. Ӕз ахӕм мадзал зонын.

— Мӕн улӕфын кӕд нӕ фӕнды, ахӕм рӕстӕг никуы вӕййы, — загъта цырагъы хицау.

— Дӕ планетӕ бынтон чысыл у, — дзырдта дарддӕр Чысыл ӕлдар. — Цӕмӕй йыл ӕрзилай, уымӕн ӕртӕ къахдзӕфы йеддӕмӕ нӕ хъӕуы. Дӕу хъӕуы ахӕм цыдӕй цӕуын, цӕмӕй дӕм ӕдзухдӕр хур кӕса. Улӕфын дӕ куы фӕнда, уӕд дӕ ӕдзухдӕр афтӕ цӕуын хъӕуы. Дӕ фӕллад уадзыны рӕстӕг, цас дӕ фӕнды, дӕ бон уыйбӕрц ныддаргъ кӕнын у.

— Уымӕй мӕнӕн ницы пайда ис, — загъта цырагъы хицау. — Ӕз ӕппӕтӕй фылдӕр фынӕй кӕнын уарзын.

— Уӕдӕ уӕд дӕ хъуыддаг ӕцӕгӕй хорз нӕу, — батӕригъӕд ын кодта Чысыл ӕлдар.

— Нӕу, нӕу, ӕмӕ афтӕ ӕнкъард дӕр уымӕн дӕн. — Дӕ бон хорз.

Ӕмӕ та цырагъ ахуыссын кодта.

«Ӕвӕццӕгӕн, ацы адӕймаг, — йӕ фӕндагыл дарддӕр араст, афтӕмӕй йӕхинымӕр хъуыдытӕ кодта Чысыл ӕлдар, — къарол, цытуарзаг, расыггӕнаг ӕмӕ хъуыддаджы лӕгӕй иуы зӕрдӕмӕ дӕр нӕ фӕцӕуид, афтӕмӕй та се ’ппӕтӕй дӕр лӕгдӕр у, уымӕн ӕмӕ канд йӕхи мӕт нӕ кӕны».

Чысыл ӕлдар арф ныуулӕфыд.

«Ахӕмимӕ бахӕлар уӕвын ӕвзӕр нӕ уаид, — хъуыдытӕ кодта дарддӕр Чысыл ӕлдар. — Фӕлӕ йӕ планетӕ ӕгӕр гыццыл у: дыууӕйы фаг не суыдзӕн...»

Планетӕимӕ фӕхицӕн уӕвын та йӕ тынгдӕр уымӕн нӕ фӕндыд, ӕмӕ йын цыппар ӕмӕ ссӕдз сахатмӕ хурныгуылд мин цыппарсӕдӕ цыппор хатты фенины фадат кӕй уыдаид.

## XV

Ӕхсӕзӕм планетӕ фӕстагӕй уыди дӕс хатты стырдӕр. Царди дзы, бӕзджын чингуытӕ чи фыста, ахӕм зӕронд лӕг.



— Кӕсут-ма, кӕсут, бӕлццон фӕзынди! — фӕхъӕр кодта зӕронд лӕг, Чысыл ӕлдары ауынгӕйӕ.

Чысыл ӕлдар тынг фӕллад уыд ӕмӕ стъолыл ӕрбадт.

— Кӕцӕй фӕдӕ? — загъта зӕронд лӕг.

— Уый цавӕр стыр чиныг у? — бафарста Чысыл ӕлдар, — стӕй ам цы кусыс?

— Ӕз географ дӕн, — дзуапп радта лӕг.

— Географ та цы у?

— Уый у ахуыргонд. Зоны денджызтӕ, дӕттӕ, горӕттӕ, хӕхтӕ ӕмӕ хус быдыртӕ кӕм сты, уый.

— Мӕнӕ цытӕ хъусын! — ныддис кодта Чысыл ӕлдар. — Уый хъуыддаг у, гъе! — ӕмӕ географы планетӕйыл йӕ цӕст ахаста. — Ахӕм егъау планетӕ никуыма федта.

— Дӕ планетӕ тынг рӕсугъд у, — загъта уый, — фурдтӕ дӕр дзы ис?

— Уӕллӕй, уый дын нӕ зӕгъдзынӕн, — дзуапп радта географ.

— Хӕхтӕ та?

— Нӕ зонын.

— Горӕттӕ, дӕттӕ ӕмӕ хус быдыртӕ та?

— Уый дӕр нӕ зонын.

— Уӕдӕ афтӕ куы зӕгъыс, географ дӕн.

— Географ дӕн, географ, — загъта зӕронд лӕг, — бӕлццон нӕ фӕлӕ. Бӕлццӕтты ӕххуыс мӕ тынг хъӕуы. Горӕттӕ, дӕттӕ, хӕхтӕ, денджызтӕ ӕмӕ хус быдыртӕ уыдон хынцынц. Географы рацу-бацутӕм не ’вдӕлы. Уый йӕ кусӕн уатӕй ӕддӕмӕ нӕ цӕуы. Уый хыгъд ын йӕхимӕ цӕуынц бӕлццӕттӕ ӕмӕ сын сӕ раныхӕстӕ фыссы. Исчи йын дзы исты диссаджы хабар куы радзуры, уӕд географ сбӕлвырд кӕны, бӕлццонып ӕвууӕнк ис ӕви нӕй, уый.

— Ӕмӕ йӕ уый цӕмӕн хъӕуы?

— Куыд цӕмӕн? Бӕлццон гӕдыныхӕстӕ куы ракӕна, уӕд географийы чингуыты хабӕрттӕ сӕмтъеры уыдзысты. Бынтон бӕллӕх та нозтӕмхиц саразДзӕн.

— Цӕмӕн?

— Уымæн æмæ расыгмæ алцыдæр дыгæйттæй фæзыны. Иу хохы бæсты дыууæ равдисдзæн, æмæ хъуыддæгтæ ныссуйтæ уыдзысты.

— Æз иу ахæм адæймаджы зыдтон... Уымæй, æвæццæгæн, хорз бæлццон нæ рауадаид, — загъта Чысыл æлдар.

— Уый тынг ахсджиаг у. О, æмæ дын уый дзырдтон: кæд бæлццон æуууæнкджын адæймаг разына, уæд ын йæ раиртæст сбæлвырд кæнынц.

— Куыд сбæлвырд кæнынц? Ацæуынц æмæ йæ сæхи цæстæй фенынц?

— Нæ-а. Уыул бирæ рæстæг хардз кæнын хъæуы. Бæлццонæй бадомынц æвдисæндартæ. Зæгъæм, стыр хох чи ссара, уый дзы хъуамæ æрбахæсса стыр дуртæ.



Географ батыхсæгау кодта:

— Уæвгæ дæхæдæг дæр бæлццон куы дæ! Дардæй куы ’рбацыдтæ. Дæ планетæйы хабæрттæ-ма мын радзур.

Географ бæзджын чиныг рафæлдæхта, йæ кърандас сцыргъ кодта. Бæлццæтты ранындæстæ фыццаг кърандасæй ныффыссынц. Бæлццон, цы радзырдта, ууыл куы баууæндынц, йæ ныхæстæ йын чернилæйæ æрмæстдæр уæд ныффыссынц.

— Дæумæ хъусын, — загъта географ.

— Мæ планетæйы удиссагæй ницы ис, — æфсæрмыгæнгæ загъта Чысыл æлдар. — Мæнмæ цы ис, уыдон иууылдæр чысыл сты. Ис дзы æртæ вулканы. Уыдонæй дæр иу ахуыссыд. Фæлæ цы нæ вæййы. Мыййаг та искуы куы райхъал уа.

— Алцæмæндæр уæвæн ис, — сразы географ.

— Стæй ма мæм ис дидинæг.

— Дидинджытæ нæ хынцæм, — загъта географ.

— Цæуылнæ? Уыдонæй рæсугъддæр куы ницы ис!

— Уымæн æмæ дидинджытæ эфемерон сты.

— Эфемерон та цы у?

— Географийы чингуытæй зынаргъдæр чингуытæ дунейыл нæй, — бамбарын кодта географ. — Уыдон зæронд нæ кæнынц. Хох йæ бынатæй тынг стæм хатт фезмæлы. Уæдæ фурд дæр зынæй бахус уыдзæн. Мах, æнусон æмæ æнæивдæй цы лæууы, уыдæтты тыххæй фыссæм.

— Чи бафынæй, уыцы вулкан райхъал уæвын дæр зоны, — йæ ныхас ын фескъуыдта Чысыл æлдар. — «Эфемерон» та цы у?

— Вулкан ахуыссыд æви нæма, уый махæн, географтæн уæлдай нæу, — загъта зæронд лæг. — Сæйрагдæр хох у. Уый йæ бынаты баззайы.

— Уæддæр мын, «эфемерон» цы у, уый нæма загътай, — йæ фарст æртыккаг хатт радта Чысыл æлдар. Уымæн йе ’гъдау ахæм уыд: цалынмæ-иу йæ фарстæн дзуапп райста, уæдмæ нæ ныууагъта.

— Тагъд чи фесæфдзæн, уыдон эфемеронтæ фæхонынц.

— Уæдæ мæ дидинæг дæр тагъд фесæфдзæн?

— Кæй зæгъын æй хъæуы.

«Мæ уд, мæ дзæццæн бирæ цæрæнбон нæй, — ахъуыды кодта Чысыл æлдар. — Мæгуыр йæ бон, цыппар сындзы йеддæмæ йæм куы ницы ис, уæд йæхи куыд хъуамæ бахъахъхъæна?! Афтæмæй йæ æз зыбыты иунæгæй мæ планетæйы ныууагътон!»

Йæ дидинæджы кæй ныууагъта, уый тыххæй йæм фыццаг хатт фæсмон æрцыди.

— Кæцырдæм ацæуын хуыздæр мын уыдзæн, уый нæ зоныс? — бафарста географы.

— Зæхмæ ацу, — дзуапп ын радта географ. — Æвзæр æй нæ хонынц...

Чысыл æлдар йæ фæндагыл араст, фæлæ йæ хъуыдытæ уыдысты, иунæгæй кæй ныууагъта, уыцы дидинæгимæ.

## XVI

Æвдæм планетæ уыди Зæхх.

Уый хуымæтæджы планетæ нæу. Ис дзы иуæндæс æмæ фондзыссæдз къаролы (уыдонимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, негрты къаролтæ дæр), авд мин географы, фарастсæдæ мин хъуыддаджы лæджы, авд милуаны æмæ ’рдæг расыггæнаджы, æртæсæдæ иуæндæс милуан цытуарзаджы, æдæппæтæй дыууæ миллиард ас адæймаджы.

Зæхх куыд стыр у, уый цæстытыл ауайын кæныны тыххæй æрхæсдзынæн ахæм æвдисæн: цалынмæ электрон тых нæ фæзынд, уæдмæ æхсæз континентæн дардтой цырагъсудзджыты æнæхъæн æфсад, ома цыппарсæдæ æхсай дыууæ мины фондзсæдæ иуæндæс адæймаджы.



Дардæй уыдонмæ бакæсын диссаг уыд. Сæ фезмæлдтытæ афтæ æмхуызон æмæ аив уыдысты, æмæ зæрдыл лæууын кодтой балеты кафджыты.

Æппæты разæй-иу сæ куыстмæ бавнæлдтой Ног Зеланди æмæ Австралийы цырагъсудзджытæ. Цырæгътæ-иу ссыгътой æмæ-иу фынæй кæнынмæ ацыдысты. Уый фæстæ-иу ралæууыд Китайы цырагъсудзджыты рад. Сæ кафт-иу куы ахицæн, уæд-иу сæхи æмбæрзæны фæстæмæ айстой. Раивтой-иу сæ Уæрæсейы æмæ Индийы, уый фæстæ та — Африкæ æмæ Европæйы, Хуссар æмæ Цæгат Америчы цырагъсудзджытæ. Никуы дзы ничи фæрæдыд, сценæмæ рацæуынмæ-иу дзы никуы ничи байрæджы кодта. Æнахуыр диссаг уыд уыцы нывмæ кæсын.

Æрмæстдæр Цæгат æмæ Хуссар полюсты иугай цырæгътæ чи ссыгъта, уыдонæн уыдис уæлвонг цард, уымæн æмæ уыдоны сæ куыстмæ афæдз дыууæ хатты цæуын йеддæмæ нæ хъуыд.

## XVII

Цыргъзонд ныхæстæ куы кæнай, уæд дын кæддæр æнæфæрæдигæ нæй. Уыцы цау мæныл дæр æрцыди. Цырагъсудзджыты тыххæй куы дзырдтон, уæд æй æгæр фæцæхджын кодтон. Нæ планетæ чи нæ зоны, уый банхъæлдзæн, йæ цæрджытæ тынг бирæ сты, зæгъгæ, уæвгæ та бынтон афтæ нæу. Зæгъæм, йæ дыууæ миллиард цæрæджы иу ранмæ, мæнæ митингмæ куыд æрæмбырд вæййынц, афтæ куы ’рæмбырд уаиккой, уæд æнцонæй бацæуиккой, йæ дæргъ дæр æмæ йæ уæрх дæр ссæдзгай милятæ кæмæн у, ахæм фæзы. Уæхски-уæхск æнгом лæугæйæ та сын фаг уаид Сабыр фурды æппæты къаддæр сакъадах дæр.

Хистæртæ ууыл, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бауæнддзысты. Уыдонмæ гæсгæ, адæм тынг бирæ бынат ахсынц. Сæхимæ баобабты хуызæн егъау кæсынц. Сæхи-ма сын нымайыныл бафтаут, сæ зæрдæмæ фæцæудзæн, сæ уд, сæ дзæцц нымæцтæ куы сты. Сымах уæ рæстæг ахæм арифметикæйыл ма хардз кæнут: æнæ уымæй дæр мыл æуууæндут.



Чысыл æлдар Зæхмæ куы ’рцыд, уæд дзы иу адæймаджы дæр нæ федта æмæ дисы бацыд. Цыма рæдыдæй æндæр планетæмæ бахауд, суанг ма йæм афтæ дæр фæкаст. Уалынмæ кæсы, æмæ змисы бургомау зиллакк базмæлыд.

— Де ’зæр хорз, — салам радта Чысыл æлдар, кæд уынгæ никæй кодта, уæддæр.

— Де ’зæр дæр хорз, — дзуапп ын радта калм.
— Ай цавæр планетæ у?
— Зæхх, — дзуапп радта калм. — Африкæ.
— Диссæгтæ! Æмæ Зæххыл цæрджытæ нæй?
— Ай хус быдыр у. Хус быдыры ничи фæцæры. Зæхх та стыр у. Чысыл æлдар дурыл æрбадт æмæ арвмæ скаст.
— Цымæ стъалытæ цæмæн рухс кæнынц? — хъуыдыты анигъуылгæйæ, загъта Чысыл æлдар. — Æвæццæгæн дзы, адæмы чи кæцы у, уый базоныны тыххæй. Кæс-ма, кæс, уæлæ мæ планетæ, нæ хæд сæрмæ. Уырдæм хæрзаг дард у.
— Рæсугъд планетæ у, — загъта калм. — Ам, Зæххыл цы кусын дæ зæрды ис?
— Мæ дидинæгимæ фæхыл дæн, — загъта Чысыл æлдар.
— Фæхыл дæн, зæгъыс?..
Дыууæйæ дæр ныхъхъус сты.
— Адæм кæм сты? — бафарста æрæджиау Чысыл æлдар. — Хус быдыры æнæ уыдонæй æнкъард у.
— Адæмимæ дæр хуыздæр нæу, — бафиппайдта калм.
Чысыл æлдар æм æдзынæгдæр æркаст.
— Æнгуылдзы стæвдæн йеддæмæ кæй нæ дæ, уый мæм диссаг кæсы.
— Уæддæр мæм хъару къаролы æнгуылдзæй фылдæр ис.
Чысыл æлдар йæ мидбылты бахудт:
— Куыннæ стæй! Суанг ма дын къæхтæ дæр куы нæ ис. Искуыдæм абалц кæнын дæр дæ бон куы нæ у...
— Дзæгъæлы дæм афтæ кæсы. Æз дæ цыфæнды науæй дæр дарддæр ахæсдзынæн, — загъта калм æмæ Чысыл æлдары фадхъулыл сызгъæрин цæнгдарæнау йæхи атыхта. — Æз кæуыл аныдзæвын, уый, цы зæххæй рацæуы, ууыл февзæрын кæнын, фæлæ ды сыгъдæг дæ, уымæн æмæ ардæм стъалыйæ æрхаудтæ...
Чысыл æлдар ницы сдзырдта.
— Тæригъæд дын кæнын, — дзырдта дарддæр калм. — Ацы хъæбæр зæххыл дын тынг зын уыдзæн. Дæ планетæйыл кæй сыстырзæрдæ дæ, ууыл дæм карз фæсмон куы ’рцæуа, уæд дын æз баххуыс кæндзынæн. Мæ бон бауыдзæн.
— Тынг хорз дæ бамбæрстон, — загъта Чысыл æлдар, — фæлæ дæлгоммæ ныхæстæ та цæмæн кæныс?
— Æз æдзухдæр афтæ фæкæнын, — загъта калм.
Дыууæйæ дæр ныхъхъус сты.

## XVIII

Чысыл æлдар хус быдырыл ахызт, фæлæ дзы никæуыл сæмбæлд. Йæ размæ фæци æрмæстдæр иу чысыл, фыдынд æртæсыфон дидинæг...
— Дæ бон хорз, — сдзырдта Чысыл æлдар.
— Æгас цу, — дзуапп радта дидинæг.



— Адæм кæм сты? — уæзданæй йæ бафарста Чысыл æлдар.
Дидинæг федта, иу хатт йæ рæзты чырæ куыд фæцæйцыд, уый.
— Адæм? Мæнмæ гæсгæ, æхсæз кæнæ авд йеддæмæ не сты. Уыдоны дæр федтон бирæ азты размæ. Кæм агургæ сты, уый зын зæгъæн у. Дымгæ сæ куы кæдæм бахæссы, — куы — кæдæм. Уæвгæ, уый сæхи аххос нæу: уидæгтæ сын нæй æмæ иу ран лæууын сæ бон нæу.
— Хæрзбон, — загъта Чысыл æлдар.
— Фæндараст, — загъта дидинæг.

## XIX



Чысыл ælдар схызти бæрзонд хохы цъупмæ. Уымæй размæ, йæ уæраджы сæртæм йеддæмæ чи нæ хæццæ кодта, уыцы æртæ вулканæй уæлдай хæхтæ никуы федта. Хуыст вулкан ын бандоны бæсты уыд. Æмæ йæ сæры февзæрд æнахуыр хъуыды: «Ахæм бæрзонд хохы сæрæй кæсгæйæ, хъуамæ фенон æнæхъæн планетæ йæ адæмимæ». Фæлæ федта æрмæстдæр, сæ цъуппытæ судзинты хуызæн лыстæг æмæ цыргъ кæмæн уыдысты, ахæм къæдзæхтæ.

— Дæ бон хорз, — сдзырдта Чысыл ælдар.

«Дæ бон хорз... бон хорз... хорз...», — дзуапп ын радта азæлд.

— Балымæн уæм, æз зыбыты иунæг дæн, — загъта уый.

«Ахæм дзы планетæ нæма федтон! — йæхинымæр ахъуыды кодта Чысыл ælдар. — Донæн дзы йæ кой дæр нæй, иууылдæр судзинтæй арæзт, цæхджын. Стæй дзы иумæ йæхи хъуыды нæй. Кæд исты дзурай, уæд дæ сфæзмдзысты, æндæр сæ бон ницы у... Мæ дидинæг, мæ цин æмæ мæ амондхæссæг дидинæг та-иу дзурын йæхæдæг райдыдта».

## XX

Чысыл ælдар бирæ фæцыд змисбыдыртыл, къæдзæхтæ æмæ митыл æмæ æппынфæстаг æрбахæццæ иу фæндагмæ æмæ дзæвгар фæхъæлдзæгдæр, уымæн æмæ зыдта, æппæт фæндæгтæ дæр адæммæ кæй хонынц.

— Дæ бон хорз, — загъта уый.

Йæ размæ айтынг, уардитæй сырх-сырхид чи дардта, ахæм дæлвæз.

— Æгас цу, — дзуапп ын радтой уардитæ.

Чысыл ælдар федта, иууылдæр йæ дидинæджы хуызæн кæй сты.

— Чи стут? — дисгæнгæ бафарста Чысыл ælдар.

— Уардитæ, — дзуапп ын радтой дидинджытæ.

— Уардитæ?.. — ныллæг хъæлæсæй загъта уый.



Йæхимæ тынг æнамонд фæкаст. Æмæ куыннæ хъуамæ фæкастаид, кæд æмæ йын йæ рæсугъд дидинæг афтæ дзырдта, дун-дунейыл уый хуызæн никуы ис, зæгъгæ?! Афтæмæй та æрмæст иу фæзы уыдис йæ хæдхалдих фондз мин дидинæджы!

«Куы сæ федтаид, уæд ын хæрзаг хъыг уыдаид, — ахъуыды кодта Чысыл ælдар, — Хуыфæг ыл бахæцыдаид, мæлæты къахыл ныллæууыдаид, уæддæр йæхи дæлджинæджы бынаты æвæрын нæ бауагътаид. Мæн та йæм, цæмæй ма амардаид, уый тыххæй рынчынмæ кæсæгау мæ цæст дарын хъуыдаид...»

Стæй ма уый фæстæ ахъуыды кодта: «Æз та мæхицæй хъал уыдтæн, дунейыл ахæм дидинæг никæмæ ис, зæгъгæ, афтæмæй та уый у хуымæтæг уарди. Ме 'ппæт хъæздыгдзинæдтæ уыдысты хуымæтæджы уарди æмæ, мæ уæраджы сæртæм йеддæмæ чи не 'ххæст, ахæм æртæ вулканы, уыдонæй дæр иу ахуыссыд, чи зоны, макуыуал райгас уа. Цæй ælдар ис уæд мæнæй!»

Кæрдæгыл ныддæлгом æмæ хъæрæй ныккуыдта.

## XXI

Уыцы рæстæг йæ цуры февзæрд Рувас.

— Дæ бон хорз, — загъта уый.

— Æгас цу, — уæзданæй йын дзуапп радта Чысыл æлдар æмæ йæ алыварс ахъахъхъæдта, фæлæ дзы йæ цæст никæуыл æрхæцыд.

— Æз ам дæн, — райхъуыст æм кæйдæр хъæлæс. — Фæткъуы бæласы бын...

— Чи дæ? — бафарста Чысыл æлдар. — Цы тынг рæсугъд дæ!

— Æз Рувас дæн, Рувас.

— Мемæ-ма ахъаз, — æрхатыд æм Чысыл æлдар. — Кæннод мын иунæгæй æнкъард у.

— Дæуимæ хъазын мæ бон нæу, — загъта Рувас. — Æрмахуыр нæ дæн.

— Уæдæ бахатыр кæн, — загъта Чысыл æлдар.



Иучысыл ахъуыды кæныны фæстæ йæ бафарста:

— Æрмахуыр та цы у?

— Ды ардыгон нæ дæ, — бафиппайдта Рувас. — Кæй агурыс?

— Адæмы, — загъта Чысыл æлдар. — Æрмахуыр та цы у?

— Адæммæ ис хæцæнгæрзтæ, уыдон цæуынц цуаны. Уый тынг æвзæр у. Стæй ма адæм дарынц кæрчытæ. Уый та тынг хорз у. Ды кæрчытæ агурыс?

— Нæгъ, — загъта Чысыл æлдар. — Æз агурын мæхицæн хæлæрттæ. Æрмахуыр та цы у?

— Уыцы дзырд тынг рагон у. Бирæтæ йæ хъуыды дæр нал кæнынц. Амонгæ та кæны бастдзинæдтæ саразын.

— Бастдзинæдтæ?

— О, — загъта Рувас. — Ды нырма гыццыл лæппу дæ, æндæр фондзыссæдз мин гыццыл лæппуйы хуызæн. Æмæ мæ ницæмæн хъæуыс. Стæй дæ æз дæр ницæмæн хъæуын. Æз дæуæн дæн хуымæтæджы рувас, сæдæ мин иннæ рувасы хуызæн. Фæлæ мæ ды æрмахуыр куы скæнай, уæд кæрæдзийы бахъæудзыстæм. Ды мын æнæхъæн дунейы иунæг уыдзынæ, стæй дын æз дæр æнæхъæн дунейы иунæг уыдзынæн.

— Сабыргай дæ æмбарын райдыдтон, — загъта Чысыл æлдар. — Иу уарди ис... æвæццæгæн, мæ уый æрмахуыр скодта...

— Уæвæн ис, — сразы йемæ Рувас. — Зæххыл цы нæ вæййы.

— Уый Зæххыл нæ уыди, — загъта Чысыл æлдар.

Рувас дисы бацыди.

— Æндæр планетæйы?

— О.

— Æмæ уым дæр цуанæттæ ис?

— Нæй.

— Диссæгтæ! Кæрчытæ та?

— Кæрчытæ дæр.

— Алцæмæй æххæст зын ссарæн у, — арф ныуулæфыд Рувас.



Фæлæ та фæстæдæр фыццаг ныхасмæ рахызт:

— Мæ царды раппæлинагæй ницы ис. Æз кæрчытыл цуан кæнын, адæм та — мæныл. Кæрчытæ иууылдæр иухуызон сты, адæм дæр иууылдæр иухуызон сты. Æмæ мæ цардæй уымæн не 'ппæлын. Фæлæ мæ ды æрмахуыр куы скæнис, уæд мыл хур ракæсид. Дæ къахдзæфты уынæр дын-иу мин адæймаджы къахдзæфты уынæры æхсæн дæр базонин. Ныр та, адæймаджы къахы уынæр куы айхъусын, уæд лидзынмæ фæвæййын æмæ æппæты арфдæр ран бамбæхсын. Фæлæ-иу дæ къахдзæфты уынæр айхъусгæйæ, ме 'мбæхсæнæй рацæуин. Стæй-ма кæс. Уæртæ мæнæуы хуым уыныс? Æз хор нæ хæрын. Æфсиртæ мæ ницæмæн хъæуынц. Мæнæуы хуымтæ мæм зынгæ дæр никæцæй кæнынц. Дæуæн та сызгъæрин сæрыхъуынтæ ис. Æвæдза, куыд диссаг уаид, æрмахуыр мæ куы скæнис, уæд! Сызгъæрин мæнæумæ кæсгæйæ-иу дæ фæлгонц мæ цæстыты раз сыстид. Уæд, дымгæмæ æфсиртæ куыд сыбар-сыбур кæнынц, уый дæр бауарзин.

Рувас æнæдзургæйæ Чысыл æлдармæ бирæ фæкаст, стæй æрæджиау загъта:

— Куы мæ сæрмахуыр кæнис, уæд хорз уаид.

— Мæн дæр фæнды, — дзуапп радта Чысыл æлдар, — фæлæ мын рæстæг нæй. Ныма мæ хæлæрттæ ссарын æмæ бирæ цыдæр хабæрттæ базонын хъæуы.

— Цæмæй исты базонай, уый тыххæй искæй æрмахуыр скæнын хъæуы, — загъта Рувас, — фæлæ адæмæн исты базонынæн рæстæг нал ис. Дзаумæттæ дуканийы цæттæйæ æлхæнын райдыдтой. Хæлæрттæ кæм уæй кæнынц, ахæм дуканитæ та нæй, æмæ адæмæн хæлæрттæ уый тыххæй нал ис. Цæмæй дын æрдхорд уа, уый дæ кæд фæнды, уæд мæ æрмахуыр скæн.



— Уый тыххæй цы кæнын хъæуы? — бафарста Чысыл æлдар.

— Банхъæлмæ кæсын, — дзуапп радта Рувас. — Фыццаджыдæр уал уæртæ чысыл дарддæр кæрдæгыл æрбад. Æз дæм зулаивæй кæсдзынæн, æрмæст-иу ды дзургæ мацы кæн. Ныхæстæ иу иннæйы бамбарынæн хъыгдарыны хос сты. Алы бон дæр-иу мæм хæстæгæй-хæстæгдæр бад...

Дыккаг бон дæр Чысыл æлдар уыцы ранмæ æрбацыд.

— Уыцы иу рæстæг куы цæуай, уæд хуыздæр уыдзæн, — бамбарын кодта Рувас. — Зæгъæм, цыппар сахатыл æрбацæуыны тыххæй куы баныхас кæнæм, уæд-иу æз æртæ сахатыл мæхи амонддджынил банымайдзынæн. Нæ фембæлды рæстæг куыд æввахсдæр кæна, афтæ мæхимæ кæсдзынæн амонддджынæй-амонддджындæр. Цыппар сахаты куы суа, уæд та тыхсын æмæ мæт кæнын райдайдзынæн æмæ æппынфæстаг банкъардзынæн æцæг амонд. Фæлæ иу афон куы нæ цæуай, уæд, мæ зæрдæ де 'рбацыдмæ кæцы сахатмæ цæттæ кæнон, уый нæ зондзынæн. Алцæмæн дæр хъуамæ фæтк уа.



— Фæтк та цы у? — бафарста Чысыл æлдар.

— Уый дæр, рох кæнын кæй райдыдтой, ахæм дзырд у, — бамбарын кодта Рувас. — Иу бон æмæ иу сахат иннæ бон æмæ иннæ сахатæй цæмæй хицæн кæнынц, ахæм цыдæр. Зæгъæм, мæныл чи фæцуан кæны, уыдонмæ ахæм фæтк ис: цыппæрæмы фæкафынц хъæуккаг чызджытимæ. Мæнмæ бонтæн цыппæрæм сæ тæккæ хуыздæр кæсы. Уæд мæ зæрдæйы дзæбæхæн балцы ацæуын æмæ суанг сæнæфсирдæттæм бахæццæ вæййын. Цуанæттæ кæд фæкафынц, уымæн бæлвырд фæтк куы нæ уаид, уæд бонтæ уаиккой иухуызон æмæ, улæфт цы у, уый никуы базыдтаин.

Афтæмæй-афтæмæй Чысыл æлдар Рувасы сæрмахуыр кодта. Æмæ мæнæ ралæууыд кæрæдзийæн хæрзбон зæгъыны рæстæг.

— Æнæ дæу æз кæугæ кæндзынæн, — загъта Рувас.

— Дæхи аххос уыд, — загъта Чысыл æлдар. — Дæ зæрдæ риссын кæнынмæ нæ хъавыдтæн, дæхи бафæндыд, цæмæй дæ сæрмахуыр кодтаин...

— Уымæй раст зæгъыс, — басаст Рувас.

— Кæугæ ма кæндзынæ?

— О.

— Æвæццæгæн, дæхи æвзæр æнкъарыс, нæ?

— Нæ-а, — не сразы Рувас. — Æз мæхи хорз æнкъарын. Хъуыды ма кæныс, æфсирты кой дын куы кодтон, уый?

Рувас ницыуал дзырдта. Стæй æрæджиау йæ ныхасмæ бафтыдта:

— Уардитæм-ма иу хатт бакæс æмæ дæ бауырна, дæ дидинæджы хуызæн дунейыл кæй нæй, уый. Фæстæмæ куы раздæхай æмæ мын хæрзбон зæгъынмæ куы хъавай, уæд дын æз иу сусæгдзинад раргом кæндзынæн. Уый дын уыдзæн мæ лæвар.

Чысыл æлдар дидинджытæ уынынмæ ацыд.

— Сымахмæ мæ уардийы хуызæнæй æппындæр ницы ис, — загъта Чысыл æлдар. — Сымах нырма ницыма стут, уымæн æмæ никæйма сæрмахуыр кодтат, стæй уын уæхи дæр ничима сæрмахуыр кодта. Мæ Рувас дæр раздæр сымах хуызæн уыд. Сæдæ мин æндæр рувасæй ницæмæй хицæн кодта. Ныр æз йемæ балымæн дæн æмæ æнæхъæн дунейы иу ахæм нал ис.

Уардитæ фыræфсæрмæй цы фæуыдаиккой, уый нал зыдтой.

— Рæсугъд стут, фæлæ цæсты нæ ахадут, — дзырдта дарддæр Чысыл æлдар. — Сымах сæрвæлтау адæймаджы амæлын нæ бафæнддзæн. Чи зоны, æцæгæлон адæймаг мæ уардийы рæзты куы ’рцæйцæуа, уæд æм сымах халдих фæкæса, фæлæ мæнæн уе ’ппæтæй зынаргъдæр у. Алы бон сымахыл нæ, фæлæ ууыл кодтон дон. Алы бон-иу æй уый тыххæй бамбæрзтон. Дымгæйæ дæр-иу уый хъахъхъæдтон. Гæлæбуты къуыртт-иу уый тыххæй фехæлдтон. Æрмæстдæр ма-иу дзы дыууæ кæнæ æртæ ныууагътон, цæмæй дзы гæлæбутæ равзæрдаид. Æз-иу æм хъуыстон, йæ хъæстытæ мын куы кодта, уæд, хъуыстон æм, суанг-иу йæхицæй куы ’ппæлыд, уæд дæр. Уымæн æмæ мæн уыди.

Чысыл æлдар Рувасмæ ’рбаздæхт æмæ йын загъта:

— Хæрзбон...

— Фæндараст, — загъта Рувас. — Ныр дын мæ сусæгдзинад æргом кæнын. Уый у бынтон хуымæтæг: уынгæ æрмæстдæр зæрдæ кæны. Æппæты сæйрагдæр цæстытæ нæ фендзысты.

— Æппæты сæйрагдæр цæстытæ нæ фендзысты, — цæмæй дзы Рувасы ныхæстæ ма ферох уой, уый тыххæй сфæлхат кодта Чысыл æлдар.

— Дæ рæстæг ияуылдæр дæ уардийæн кæй снывонд кодтай, афтæ адджын дын уымæн у.

— Дæ рæстæг ияуылдæр дæ уардийæн кæй снывонд кодтай, афтæ адджын дын уымæн у, — цæмæй дзы Рувасы ныхæстæ ма ферох уой, уый тыххæй та сфæлхат кодта Чысыл æлдар.

— Уыцы æцæгдзинад адæм ферох кодтой, — загъта Рувас, — фæлæ йæ ды дæ зæрдыл дар: кæйдæриддæр сæрмахуыр кæнай, уыдоны тыххæй дæ дзуапп дæттын хъæудзæн. Дæ уардиты тыххæй дæр дзуапп дæттыс.

— Дæ уардиты тыххæй дæр дзуапп дæттыс, — цæмæй дзы Рувасы ныхæстæ ма ферох уой, уый тыххæй сфæлхат кодта Чысыл æлдар.

## XXII

— Дæ бон хорз, — загъта Чысыл æлдар.

— Арфæгонд у, — дзуапп радта фатгæс (фæндагамон).

— Цы кусыс? — бафарста Чысыл æлдар.

— Бæлццæтты сæ бынæтты бадын кæнын, — дзуапп радта фатгæс. — Алы поезды дæр сæвæрын мин адæймаджы æмæ дзы иу поезд иуæрдæм арвитын, иннæ — иннæрдæм.

Уыцы рæстæг тагъдцæуæг поезд, йæ рудзгуытæй рухс калд, афтæмæй сæ рæзты асыффытт ласта. Фатгæсы халагъуд ныррызт.

— Кæдæм тагъд кæнынц? — ныддис кодта Чысыл æлдар. — Стæй цы агурынц?

— Уый машинист йæхæдæг дæр нæ зоны, — загъта фатгæс.

Уалынмæ та иннæрдæм, йæ рухсытæ æрттывдтытæ калгæ, гыбаргыбургæнгæ асыффытт ласта иннæ тагъдцæуæг поезд.

— Æрбаздæхтысты ма? — бафарста Чысыл æлдар.

— Нæ-а, уыдон æндæртæ сты, — загъта фатгæс.

— Кæм уыдысты, уым сæ зæрдæ ницæмæй барухс?

— Цуанон, дам, цы адаг нæ басгары, уый сырдджын хоны.

Æмæ та сæ рæзты, гуыргуыргæнгæ, асыффытт кодта æртыккаг поезд.

— Иннæты баййафынмæ хъавынц? — бафарста Чысыл æлдар.

— Уыдон æппындæр ницы кæнынмæ хъавынц, — загъта фатгæс. — Уыдонæй чи фынæй кæны, чи — бадгæ, чи та — йæ ком ивазы. Æрмæст сывæллæттæ сæ фындзтæ рудзгуытæм нылхъывтой æмæ цымыдисæй æддæмæ кæсынц.

— Æрмæстдæр сывæллæттæ зонынц, цы агурынц, уый, — загъта Чысыл æлдар. — Се 'ппæт рæстæг дæр æрвитынц сæ къæцæлын чындзытимæ. Исчи сын сæ куы байсы, уæд кæуынмæ фæвæййынц, уымæн æмæ сын тынг зынаргъ сты...

— Уый сæ амонд у, — загъта фатгæс.

## XXIII

— Дæ бон хорз, — загъта Чысыл æлдар.

— Арфæгонд у, — дзуапп радта уæйгæнæг.

Уый уæй кодта, дойны чи сæтты, ахæм хостæ. Иу хос дзы куы аныхъуырай, уæд дæм æнæхъæн къуыри нуазын нал æрцæудзæн.

— Цæмæн сæ уæй кæныс? — бафарста Чысыл æлдар.

— Уыдон руаджы бирæ рæстæг сфæстауæрцгæнæн ис. Ахуыргæндтæ куыд банымадтой, афтæмæй къуыримæ сфæстауæрцгæнæн ис æртындæс æмæ дыууиссæдз минуты.

— Æмæ уыцы æртындæс æмæ дыууиссæдз минуты цы кусæн ис?

— Цы дæ фæнды, уый.

«Æртындæс æмæ мын дыууиссæдз минуты уæгъд рæстæг куы уаид, — ахъуыды кодта Чысыл æлдар, — уæд бавдæлин æмæ суадоны былмæ ацæуин...»



## XXIV

Мæ хæдтæхæг куы асаст, уæдæй нырмæ къуыри рацыд. Фæстаг хатт ма дон банызтон, Чысыл æлдар дойнысæттæг хостæ уæйгæнæджы кой куы кодта, уæд.

— Цы дзурыс, уыдон иууылдæр хорз сты, — загътон Чысыл æлдарæн, — фæлæ æз мæ хæдтæхæг нæма сцалцæг кодтон, иу æртах мæм дон нал баззад æмæ æз дæр мæхи амондджынил банымадтаин, мæ бон суадоны былмæ ацæуын куы бауид, уæд.

— Æз иу Рувасимæ базонгæ дæн...

— Мæн ныртæккæ рувæстæ-йедтæм не 'вдæлы.

— Цæуылнæ?

— Уымæн æмæ дойныйæ мæлын.

Чысыл æлдар мæ нæ бамбæрста æмæ загъта:

— Кæд дын искуы æрдхорд уыд, уæд уый раппæлинаг хъуыддаг у. Æз мæхи амондджынил нымайын, Рувасимæ кæй балымæн дæн, уымæй...

«Цы тæссаг уавæры дæн, уый не 'мбары, уымæн æмæ æххормаг никуы уыди, нæ зоны, адæймагæн дойныйæ амæлæн кæй ис, уый дæр.

Уымæн хуры иунæг тын дæр фаг у...»

Мæ хъуыдытæ хъæрæй нæ загътон. Чысыл æлдар мæм æрбакаст æмæ сдзырдта:

— Мæнæн дæр дойны у... Цом цъайагурæг...

Ӕз мæ къухтæ фæйнæрдæм æнæбон æппæрст акодтон: æнæкæрон хус быдырты цъай агурынæй цы пайда ис? Фæлæ уæддæр араст стæм.

Бирæ рæстæг æнæдзургæйæ фæцыдыстæм. Ӕппынфæстаг æрталынг, æмæ арвыл стъалытæ ссыгъдысты. Фырдойныйæ мыл ризæг бахæцыд æмæ, цыма стъалыты мæ фыны уыдтон, афтæ мæм каст.

Чысыл æлдары ныхæстæ мæ зæрдыл æрбалæууыдысты, æмæ йæ бафарстон:

— Уæдæ ды дæр, дойны цы у, уый зоныс?

Дзуапп мын нæ радта, æрмæст æрæджиау загъта:

— Дон зæрдæйы дæр фæхъæуы...

Нæ йæ бамбæрстон, фæлæ ницы сдзырдтон. Ӕмбæрстон, дзæгъæл рафæрс-бафæрсæй кæй ницы пайда ис, уый.

Бафæллад æмæ змисыл æрбадт. Ӕз дæр йæ фарсмæ. Иуцасдæр хъусæй фæлæууыдыстæм, уый фæстæ загъта:

— Стъалытæ тынг рæсугъд сты, уымæн æмæ дзы, кæд ардæм нæ зыны, уæддæр кæцыдæрыл ис дидинæг...

— Раст дзурыс, — мæйы рухсмæ æрттывдтытæ чи калдта, уыцы змисы уылæнтæм кæсгæйæ, загътон æз.

— Хус быдыр дæр рæсугъд у... — йæ ныхасмæ ма бафтыдта Чысыл æлдар.

Ӕмæ раст загъта. Ӕз кæддæриддæр змисбыдыр бирæ уарзтон. Бадыс змисы обауыл. Ницы уынгæ кæныс, ницы — хъусгæ. Цыма æгуыппæгдзинад уылæнтыл ивылы, афтæ дæм кæсы.

— Змисбыдыр хорз цæмæй у, уый зоныс? — бафарста Чысыл æлдар. — Ӕмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта: — Кæмдæр дзы суадон кæй ис, — уымæй.

Мæхинымæр дисы бацыдтæн. Ӕвиппайды бамбæрстон, змис æрттывдтытæ цæмæн калы, уый. Раджы кæддæр, чысыл лæппу ма куы уыдтæн, уæд цардтæн тынг зæронд хæдзары. Куыд дзырдтой, афтæмæй дзы кæмдæр хæзнатæ æмбæхст уыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, ничи сæ ссардта, стæй сæ, чи зоны, агургæ дæр никуы ничи кодта. Фæлæ хæдзармæ æнахуыр цæстæй кастысты, уымæн æмæ сусæгдзинадимæ баст уыд...

— Раст зæгъыс, — сразы дæн йемæ. — Адæймаг цæстæй цы нæ уына, уымæн дзы æмбал нæй. Хæдзар уа, стъалы уа, змисбыдыр уа.

— Мæ хæлар Рувасимæ уæм æмхуызон хъуыдытæ кæй ис, уый мын æхсызгон у, — загъта Чысыл æлдар.

Стæй уæд бафынæй. Ӕз æй мæ хъæбысмæ систон æмæ дарддæр цыдтæн. Мæхинымæр сагъæстыл фæдæн. Цыма цыдæр сæртæг хæзна хастон, афтæ мæм каст. Суанг ма мæм афтæ дæр каст, цыма Зæххыл уымæй тæссонддæр æмæ мæнгæфсондæр ницы уыд. Мæйы рухсмæ кастæн йæ фæлурс ныхмæ, йæ цъынд цæстытæм, дымгæмæ чи хъазыд, йæ уыцы сызгъæринхуыз сæрыхъуынтæм æмæ мæхицæн дзырдтон: уый æрмæстдæр агъуд у. Ӕппæты сæйрагдæр у, адæймаг цæстæй цы нæ уыны, уый...

Йе 'рдæггом былтыл фæзынд мидбылхудт, æмæ мæхицæн загътон: фынæй Чысыл æлдар адæймаджы зæрдæ æппæты тынгдæр æлхæны, дидинæгыл иузæрдион кæй у, уымæй. Уардийы фæлгонц æй сойын цырагъы рухсау кæй тавы, уый фынæйæ дæр бæрæг у... Ӕз бамбæрстон, мæнмæ куыд каст, уымæй ноджы мæнгæфсондæр кæй у. Цырæгътæ дымгæ куы ахуыссын кæна, уымæй тæссаг у æмæ сæ хъахъхъæнын хъæуы...

Афтæмæй фæцыдтæн суанг боны сцъæхмæ, цалынмæ цъаймæ нæ бахæццæ дæн, уæдмæ.

## XXV

— Адæм цы агурынц, уый сæхæдæг дæр нæ зонынц, — загъта Чысыл æлдар, — афтæмæй сбадынц тагъдцæуæг поездты æмæ дыууæрдæм кæнынц.

Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

— Бынтон дзæгъæл митæ сты уыдон...

Цы цъайы цурмæ бацыдыстæм, уый Сахарæйы иннæ цъайтæй иуы хуызæн дæр нæ уыди. Амы цъайтæ вæййынц хуымæтæджы дзыхъхъ змисы астæу, ай та уыди, хъæууон цъай цыдæриддæр уа, уый. Фæлæ хъæуæн йæ кой, йæ хъæр дæр никуы уыд æмæ, цыма фын уыдтон, уый хуызæн мæм каст.

— Диссагæй цы кæныс? — загътон Чысыл æлдарæн. — Алцыдæр дзы цæттæйæ куыд лæууы: хъилæй, къæртайæ, бæндæнæй...

Уый ныххудти æмæ бæндæн халынмæ фæци. Къуыдыры хъыррыст райхъуыст.

— Хъусыс? — загъта Чысыл æлдар. — Цъайы райхъал кодтам æмæ зарын райдыдта.

Куы бафæллайа, уымæй йын тынг тарстæн æмæ загътон:

— Дон æз сисдзынæн, дæумæ уыйбæрц хъару нæй.



Сындæггай дзаг къæрта сластон æмæ йæ арæхстгай цъайы дурын уæхскыл æрæвæрдтон. Мæ хъустыл ма уади цъайы къуыдыры зарын. Къæртайы доны зыр-зыр нæма банцад, хуры тынтæ дзы хъазыдысты.

— Ацы донæй мæ ахуыпп кæнын фæнды, — загъта Чысыл æлдар. — Авæр-ма мын дзы...

Нырма ныр бамбæрстон, цы агуырдта, уый.

Къæрта йын йæ дзыхыл сдардтон. Йæ цæстытæ бацъынд кодта, афтæмæй нызта. Уый хуымæтæджы дон нæ уыди: равзæрди стъалыты бын даргъ фæндагыл фæцæуыны фæстæ. Къуыдыры зарын æмæ мæ къухы хъаруйы фæрцы. Уыди зæрдæйы лæвары хуызæн. Чысыл ма куы уыдтæн, уæд мын ахæм æхсызгондзинад хастой ногбоны лæвæрттæ. Афтæ æрттывтой зазбæласы цырæгъты, зæрдæйыл æмбæлд фæлмæн мидбылхудт, органы цагъд.

— Дæ планетæйы, — загъта Чысыл æлдар, — адæм иу ран æрзайын кæнынц фондз мин уардийы, фæлæ, цы агурынц, уый ссарын сæ бон нæу.

— Уымæй раст зæгъыс.

— Афтæмæй та цы агурынц, уый ссарæн ис æрмæстдæр иу уардийы кæнæ та доны иу хъуыртты фæрцы...

— Уымæй дæр раст зæгъыс.

Чысыл æлдар йæ ныхас дарддæр кодта:

— Цæстытæ куырм сты. Агурын хъæуы зæрдæйы.

Æз дæр дон банызтон æмæ мæ улæфт дзæвгар фæрогдæр. Сæумæрайсом змис йæ хуыз аивы: свæййы сызгъæрин доны тылдау. Æмæ уымæй дæр мæхи хуыдтон амондджын. Стæй æнкъард та цæмæн хъуамæ кодтаин?!.

— Хъуамæ дæ дзырдæн хицау уай, — фæлмæн хъæлæсыуагæй сдзырдта Чысыл æлдар, æмæ та мæ фарсмæ æрбадт.

— Цавæр дзырдæн?

— Хъуыды ма кæныс, мæ уæрыккæн цъуттайæ зæрдæ куы ’вæрдтай... Уыцы дидинæджы тыххæй æз дзуапп дæттын.

Мæ дзыппæй мæ нывтæ систой. Чысыл æлдар сæм æркаст æмæ ныххудти.

— Дæ баобабтæ къабускайы хуызæн сты...

Афтæмæй æз та мæ баобабтæй хуымæтæджы хъал уыдтæн!

— Дæ рувасы хъустæ та сыкъатæ зæрдыл лæууын кæнынц. Ноджы — тынг даргъ! — Æмæ та ныххудти.

— Дзæгъæлы мæм аиппытæ хæссыс. Мæнæй цæй нывгæнæг ис! Кæддæр калмы æдде æмæ мидæгæй снығв кодтон æмæ уымæй фæстæмæ уыцы куыстмæ никуыуал бавнæлдтон.

— Ма тыхс, — зæрдæтæ мын æвæрдта Чысыл æлдар. — Сывæллæттæ дæ афтæмæй дæр бамбардзысты.

Æз дæр ын йæ уæрыккæн цъуттайы ныв скодтон, Чысыл æлдармæ йæ радтон æмæ мæхинымæр катайы бацыдтæн.

— Цыдæр дæ зæрды ис æмæ мын æй нæ дзурыс...

Мæ ныхæстæм ницы хъус æрдардта.

— Цы, уый зоныс? — загъта Чысыл æлдар. — Райсом афæдз сæххæст уыдзæн, æз Зæхмæ куы ’рæфтыдтæн, уæдæй нырмæ.

Æмæ ныхъхъус. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

— Æз ардæм хæстæг æрхаудтæн...

Цæмæдæр гæсгæ йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт.

Ногæй та сагъæстыл фæдæн. Æрæджиау æй бафарстон:

— Куыд бамбæрстон, афтæмæй, къуырийы размæ, куы базонгæ стæм, уæд адæймаджы цæрæнуатæй мин миляйы дарддæр иунæгæй хуымæтæджы нæ рацу-бацу кодтай. Кæм æрхаудтæ, уырдæм цыдтæ?

Чысыл æлдар ноджы тынгдæр фæсырх.

Мæ ныхасмæ ма хъавгæ бафтыдтон:

— Афæдз ыл кæй сæххæст, кæд уый тыххæй афтæ у?

Ногæй та йæ цæсгом фæсырх. Мæ иу фарстæн дæр мын дзуапп нæ радта, фæлæ иугæр кæм фæсырх, уым «о» зæгъынмæ хъавыд. Æви рæдийын?

— Тыхсын, — загътон æз.

Чысыл æлдар загъта:

— Дæ куысты кой кæн. Ацу дæ машинæмæ. Æз дæм ам æнхъæлмæ кæсдзынæн. Сом изæр-иу æрбацу...

Фæлæ мæ уавæр нæ фæхуыздæр. Æрымысыдтæн Рувасы. Дæхи æрмахуыр кæнын куы бауадзай, цæссыг дæр уæд фæзыны.

## XXVI

Цъайæ чысыл дарддæр уыдис дурæй амад рагон сисы хæлддзæгтæ. Дыккаг изæр, мæ куыстытæ куы фæдæн, уæд уырдæм бацыдтæн æмæ дардæй Чысыл æлдары ауыдтон. Уый сисы кæрон бæрзондыл бадт йæ къæхтæ дæлæмæ уагъдæй. Йæ хъæлæс ын айхъуыстон:

— Дæ зæрдыл нал лæууы? Уый бынтон æндæр ран уыдис.

Æвæццæгæн ын чидæр дзуапп радта, æндæр йæ ныхмæ нæ фæлæууыдаид:

— О, уый æцæгæйдæр афæдзы размæ уыди, æрмæст æндæр ран...

Æз мæ цыдыл бафтыдтон. Фæлæ сисмæ æвваxс никæуыл мæ цæст æрхæцыд, стæй мæм дзы никæй хъæлæс райхъуыст. Фæлæ та Чысыл æлдар ногæй кæмæндæр дзуапп радта:

— Æнæмæнг. Мæ фæдтæ мын змисыл ссардзынæ. Æмæ-иу мæм уæд æнхъæлмæ кæс. Ахсæв уырдæм бацæудзынæн.



Сисмæ ма иу ссæдз метры бæрц баззад, уæддæр мæ цæст ницæуылма æрхæцыд.

Иуцасдæр хъусæй алæууыны фæстæ Чысыл æлдар бафарста:

— Хорз марг дæм ис? Бирæ хъизæмар кæнын мæ нæ бахъæудзæн?

Æз æрлæууыдтæн. Фырадæргæй мæхицæн бынат нал ардтон, фæлæ бамбарын мæ бон ницы уыд.

— Ныр цæугæ, — загъта Чысыл æлдар. — Æз бынмæ ныггæпп кæнынмæ хъавын.

Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ йæм батахтæн. Сисрæбын йæ сæр Чысыл æлдармæ схъил кодта, афтæмæй ауыдтон бур калмы. Ахæм калм кæуыл фæхæца, уый минуты ’рдæгмæ йæ цыппæртæ батилы.

Мæ дзыппы мæ дамбаца асгаргæйæ, калмы фæдыл ныййарц дæн, фæлæ уый мæ къахдзæфты хъæр айхъуыста æмæ змисы æмбæхсынмæ фæци.

Æз сисы цурмæ бахæццæ дæн афоныл, Чысыл æлдары сисæй æристон æмæ йæ цæсгомы хуызæй мæ зæрдæ йæхи къултыл ныххоста: уыди цикъæйæ фæлурсдæр.

— Цы сфæнд кодтай, гормон? — фæхъæр кодтон æз. — Кæлмытимæ ныхас кæнынил дæ чи бафтыдта?

Йæ сызгъæрин хъуырбæттæн ын райхæлдтон. Йæ къæмисæнтæ йын донæй ахуылыдз кодтон, дон ын адардтон. Æрмæст æй ницæмæйуал бафарстон. Иуцасдæр мæм æмбаргæ цæстытæй фæкаст, стæй йæ цæнгтæ мæ хъуырыл атыхта. Йæ зæрдæ афтæ гуыпп-гуыпп кодта æмæ йын æддæмæ рахауынæй фæтарстæн.

— Дæ машинæйы сахъат кæй ссардтай, уый мын æхсызгон уыд, — загъта Чысыл æлдар. — Ныр уæхимæ ацæудзынæ...

— Цæмæй йæ зоныс?

Æз та ма йын мæ машинæ æнæнхъæлæджы кæй сарæзтон, уымæй раппæлынмæ хъавыдтæн.

Дзуапп мын нæ радта, æрмæст загъта:

— Æз дæр абон нæхимæ ацæудзынæн.

Стæй ма æнкъардæй йæ ныхасмæ бафтыдта:

— Мæнмæ уыдзæн дæ уæрыкк, уæрыччы асикк æмæ цъутта...

Æмæ йæ цæсгомыл фæзынд æнкъард мидбылхудт.

Æз æнхъæлмæ кастæн, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Афтæ мæм фæкаст, цыма йæ уд йе ’муд цæуын райдыдта.

— Тынг фæтарстæ...

Æмæ куыннæ фæтарстаид? Йæ цæсгомыл мæллæг мидбылхудт ахъазгæйæ загъта:

— А изæр ноджы тæссагдæр уавæры уыдзынæн...

Мæхинымæры та сагъæсы бацыдтæн. Чысыл æлдар куыд худы, уый æцæгæйдæр никуыуал фехъусдзынæн? Уыцы худын мæ зæрдæйæн æвдадзы хосау уыд.

— Куыд худыс, уый ма мæ фехъусын фæнды.
Чысыл æлдар загъта:
— Ахсæв сæххæст уыдзæн афæдз. Ме стъалы фæзындзæн, афæдзы размæ кæм æрхаудтæн, уый хæд сæрмæ...
— Цыма калм дæр æмæ стъалыимæ фембæлд дæр фыдфын уыди, афтæ дæм нæ кæсы?
Ницы дзуапп та мын радта.



— Сæйрагдæр, цæстæй цы нæ фенай, уый у, — загъта Чысыл æлдар.
— Кæй зæгъын æй хъæуы.
— Дидинæджы хуызæн. Дард стъалыйыл цы дидинæг зайы, уый куы уарзай, уæд æхсæвыгон арвмæ кæсын адæймагæн æхсызгондзинад хæссы.
— Кæй зæгъын æй хъæуы...
— Доны хуызæн. Куы дзы ныздтон, уæд мæм музыкæйау каст. Уыцы хъил æмæ бæндæны руаджы. Хъуыды ма кæныс? Диссаджы дон уыд уый.
— Кæй зæгъын æй хъæуы...
— Ахсæв-иу стъалытæм скæс. Ме стъалы бынтон чысыл у æмæ дын йæ фенын кæнын мæ бон нæ бауыдзæн. Уæвгæ уый хуыздæр у. Нымайдзынæ йæ бирæ стъалытæй иуыл. Стъалытæм кæсын дæ зæрдæмæ фæцæудзæн. Уый фæстæ дын цыдæртæ балæвар кæндзынæн.
Æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныххудти.
— Дæ худт мæ зæрдæмæ куыд тынг цæуы, уый зоныс?
— Уый дын уыдзæн мæ лæвар... Доны хуызæн...
— Ома?
— Æхсæвыгон-иу арвмæ куы скæсай, уæд уым уыдзæн, æз кæм цæрын æмæ худын, ахæм стъалы. Ды фехъусдзынæ, стъалытæ куыд худынц, уый. Дæумæ уыдзæни, худын чи зоны, ахæм стъалытæ.
Æмæ йæхæдæг дæр ныххудти.
— Стъалытæм кæсынæй куы бафсæдай (алцæмæндæр кæрон вæййы), уæд цин кæндзынæ, кæддæр мæн кæй зыдтай, уыл. Ды кæддæриддæр мæ хæлар уыдзынæ. Бафæнддзæн дæ мæнимæ ахудын. Хаттæй-хатт-иу æрмæст дæ рудзынг куы бакæнай, уæд дæр райсдзынæ æхсызгондзинад... Дæ хæлæрттæ-иу дисы бацæудзысты, арвмæ кæсгæйæ кæй худыс, уыл. Ды-иу сын зæгъдзынæ: «Æз стъалытæм куы фæкæсын, уæд æдзухдæр худгæ фæкæнын!» Уыдонмæ та афтæ фæкæсдзæн, цыма дæ сæры зонд фæцыд. Гъе ахæм уавæры дæ баппардзынæн æз...
Æмæ та ныххудти.
— Цыма дын стъалыты бæсты мин хъуытазы балæвар кодтон, уый хуызæн...
Æмæ та ныххудти. Стæй та йæ цæсгом фæсагъæсхуыз, афтæмæй загъта:
— Цы, уый зоныс?.. Ахсæв... куы нæ ’рбацæуай, уæд хуыздæр уыдзæн.
— Æз дæ иунæгæй нæ ныууадздзынæн.
— Афтæ дæм кæсдзæн, цыма мæ цыдæр рисы. Суанг ма дæм афтæ дæр фæкæсдзæн, цыма мæлгæ кæнын. Уый афтæ вæййы. Фæлтау ма ’рбацу, нæ хъæуы.
— Æз дæ иунæгæй нæ ныууадздзынæн.
Чысыл æлдар цæуылдæр кæй тыхсы, уый бæрæг уыд.
— Уый калмы тыххæй афтæ у. Афтæмæй дыл, мыййаг, куы фæхæца. Кæлмытæ налат сты. Искæуыл фæхæцынæй хуыздæр сын мацы ратт.
— Æз дæ иунæгæй нæ ныууадздзынæн.
Æваст æрсабыр.
— Æцæг зæгъыс, дыууæйы фаг æм марг нæ разындзæн...
Уыцы ’хсæв, кæдæм ацыд, уый нæ базыдтон, æнæуынæрæй фæцыдæр. Æппынфæстаг æй баййæфтон. Цыд тынг тагъд æмæ уæндон къахдзæфтæй.
— Уый ды куы дæ, — загъта Чысыл æлдар.
Æмæ мын мæ къухыл фæхæцыд. Цыдæр æй кæй тыхсын кодта, уый бæрæг уыд.
— Мæ фæдыл дзæгъæлы цæуыс. Мæнмæ кæсын дын зын уыдзæн. Цыма мæлгæ кæнын, афтæ дæм фæкæсдзæн, фæлæ уый раст нæ уыдзæн...
Æз ницы дзырдтон.

— Æмбарыс?.. Уый ардыгæй дард у. Мæ буар тынг уæззау у. Ахæссын æй нæ бафæраздзынæн.

Æз ницы дзырдтон.

— Уый хæрв аппарынæй уæлдай нæу. Мæстагæй дзы ницы ис...

Æз ницы дзырдтон.

Иуцасдæр йæ фын ныфс асаст. Фæлæ ма иу хатт йæ тыхтæ æрбамбырд кæнгæйæ, загъта:

— Уый æнахуыр хорз уыдзæн. Æз дæр стъалытæм кæсын райдайдзынæн. Æппæт стъалытæ дæр уыдзысты зæронд цъайты хуызæн сæ хъистхъистгæнаг хъилтимæ. Алкæцыдæр мын дзы йæ донæй бахай кæндзæн.

Æз ницы дзырдтон.

— Ахъуыды-ма кæн, уый куыд диссаг уыдзæн, ууыл. Дæумæ уыдзæн фондзфондзыссæдз милуан хъуытазы, мæнмæ та — фондзфондзыссæдз милуан суадоны...

Уый дæр ницыуал сдзырдта, уымæн æмæ скуыдта.



— Æрбахæццæ стæм. Иу къахдзæф акæныны бар ма мын ратт. Æмæ змисыл æрбадт, уымæн æмæ фæтарст.

Стæй загъта:

— Цы, уый зоныс?.. Мæ дидинæг... Æз уый тыххæй дзуапдæттæг дæн. Уый ахæм лæмæгъ у, ахæм. Стæй хæларзæрдæ. Цыппар сындзы йыл ис, ацы дунейы йæхи бахъахъхъæнын æндæр ницæмæй у.

Æз дæр æрбадтæн, уымæн æмæ мæ къæхтæ мæ быны фæтасыдысты.

Уый загъта:

— Ууыл хъуыддæгтæ ахицæн сты.

Иу уысм ма абадт, стæй сыстад. Æмæ акодта æрмæстдæр иу къахдзæф. Æз фезмæлынхъом нал уыдтæн.

Арвæрттывды хуызæн йæ къæхты цур цыдæр ферттывта. Иу уысм æнæзмæлгæйæ алæууыд. Æрмæст хъæр не скодта. Стæй, бæлас куыд афæлдæхы, афтæ сабыргай афæлдæхт. Афæлдæхт æнæуынæрæй: змисыл хъæр нæ хъуысы.





## XXVII

Уæдæй нырмæ рацыди æхсæз азы. Уыцы хабæрттæ иу адæймагæн дæр никуыма радзырдтон. Нæхимæ куы 'рбаздæхтæн, уæд мыл ме 'мбæлттæ тынг бацин кодтой дзæбæх, æнæнизæй мæ куы федтой, уæд. Æнкъард уыдтæн æмæ мæхи растгæнæгау загътон:

— Уый, кæй бафæлладтæн, уый тыххæй афтæ у...

Чысыл мæ зæрдæ цæуылдæр фæлæууыд. Бынтон ме ’муд не ’рцыдтæн, фæлæ уæддæр. Мæн уырныдта, йæ планетæмæ кæй схæццæ, уымæн æмæ, куы ’рбабон, уæд æй змисыл не ссардтон. Афтæ тынг уæззау нæ уыд. Æхсæвыгæтты æз уарзын стъалытæм хъусын. Афтæ мæм фæкæсы, цыма фондзфондзыссæдз милуан хъуытазы сты.

Диссаг ма цы у: цъуттайы ныв куы кодтон, уæд мæ бæттæн ферох. Чысыл æлдар æй уæрыккыл цæмæй бабæтдзæн? Мæхи арæх бафæрсын: «Цымæ Чысыл æлдары планетæйыл цытæ цæуы? Афтæмæй кæд уæрыкк уардийы бахордта, уæд та?»

Иуæй-иу хатт мæхицæн дзурæгау фæзæгъын: «Нæ, уымæн уæвæн нæй. Чысыл æлдар йæ дидинæг алы ’хсæв дæр авджын æмбæрзæнæй сæхгæны. Стæй уæрыккæй дæр йæ цæст нæ исы...» Æмæ та мæхи амонддзжынил банымайын. Стъалытæ мæм æмхуызонæй дæр худын райдайынц.

Стæй ма иуæй-иу хатт мæхицæн афтæ дæр фæзæгъын: «Адæймаг хатгай хъуыдыты дæр ацæуы... Ахæм сахат алцæмæндæр æрцæуæн ис. Иу изæр æй дидинæг æрæхгæнын куы ферох уа кæнæ иу æхсæв уæрыкк сæрибармæ куы раирвæза, уæд...» Уæд æппæт хъуытазтæ дæр кæуынмæ фæуыдзысты.

Уыдæттыл куы ахъуыды кæнын, уæд фырадæргæй, цы фæуон, уый нал фæзонын. Мæн хуызæн Чысыл æлдары чи бауарзта, уыдонæн ацы хъуыддæгтæм куыдфæндыйы цæстæй кæсын сæ бон нæу. Кæмдæр, мах æппындæр кæй никуы федтам, дунейы уыцы æбæрæг къуымы æнæзонгæ уардийы уæрыкк кæй бахордта, уый куы фехъусæм, уæд нæм дуне бынтон æндæрхуызон фæкæсдзæн.

Арвмæ-ма скæсут. Æмæ уæхи бафæрсут: «Уыцы уарди ма æгас у æви нал? Кæд æй, мыййаг, уæрыкк бахордта?» Æмæ фендзыстут: алцыдæр фендæрхуызон уыдзæн.

Уыдæттæ куыд ахсджиаг сты, уый иунæг ас адæймаг дæр никуы бамбардзæн!

Уый, мæнмæ гæсгæ, дун-дунейы у æппæты рæсугъддæр æмæ æнкъарддæр бынат. Хус быдыры уыцы къуым нывгонд у разæй цы сыф ис, уым. Цæмæй йæм хуыздæр æркæсат, уый тыххæй ма йæ ноджыдæр иу хатт сныв кодтон. Ам Чысыл æлдар фыццаг хатт фæзынди Зæххыл, уый фæстæ йæ фæд æрбайсæфт.



Иу хатт ма йæм дзæбæхдæр æркæсут, искуы Африкæмæ куы бахауат, уæд, цæмæй хус быдыры уыцы бынат базонат, уый тыххæй. Йæ рæзты куы фæцæйцæуат, уæд уæ курын æмæ ма батагъд кæнут, уыцы стъалыйы бын уæ цыд чысыл фæсабырдæр кæнут. Æмæ уæм чысыл сызгъæриндзыкку лæппу куы бацæуа, йæ хъæлæсыдзаг куы худа æмæ уын уæ фæрстытæй иуæн дæр дзуапп куы нæ радта, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, базондзыстут, чи у, уый. Хуыцауæй курæгау уæ курын, бацархайут-иу ме ’нкъарддзинад фæсурыныл, куыд гæнæн ис, афтæ-иу мæм тагъддæр ныффысут, фæстæмæ æрбаздæхт, зæгъгæ.